
PREGNANT VIRGIN

**BOOK INFO:**

STORY CREATED AND WRITTEN BY: DOUBLE GEE

COVER DESIGNER: DOUBLE GEE

PDF CREATOR : DOUBLE GEE

**CONTACT DETAILS**

📱+27617657035

🖂GODKNOWSGOCHERA@GMAIL.COM

FACEBOOK : DOUBLE GEE NOVELS

# PREGNANT VIRGIN

**Copyright: ©Double Gee/2023**

## ALL RIGHTS RESEVERED

***Double Gee asserts the moral right to be identified as the author of this work. NO part of this publication may be reproduced,stored in a retrieval system, or transmitted by any means without prior permission of the author. Any abuse or unlawful sharing of this book will lead to prosecution.***

# CHAPTER 1

**Hongu vanhu mungataura zvenyu kuti kuDzimbadzemabwe hakuna vasikana asi zvandakaona rimwe zuva utaurirwa hunyimwa mbare dzekumusana. Handisi kutaura**

**zvitikidhima kana chipuka ndipe mwenje . Ndirikutaura zvetsvarakadenga, dzvukumukwende. Mwana anova iye wechipiri kubikwa kubva kuna Eve. Chidhaka chemwana zvekuti kana chakamira apo unonzwa rute kudonha kunge waona nyama yemombe irikukangiwa mupani.  Chimiro chake ndinochifananidza nechibhodhoro zvekuti kuzasi uku kunenge kwakatakura**

**kurema izvo zvinoita kuti achifamba adonhedze musika.**

**Ganda rake rakatsetseka kunge upfu werora miri. Akakutarisa kudai unoshaya manzwi ekutaura wadzimaidzwa**

**nerunako rwake. Bvudzi rake raive rakaita kusvibira kuti ndoo rakarebenuka uye rinezvimacurls netumwe tubvudzi twaive twakaita kurara tuchitevedza huma yake. Chimwe chinhu chaiyevedza twaive twubvudzi twuviri twaive twakamonana kunge dread twuchidzika kunosvika kuti ndii pedyo ne T shirt yake ye white. Aive ane chiso chakaita round uye chakaita kupamhamhira nekamhino kaive kakatsvukirira**

**kunge kebhunu kakati rebei zviripakati nepakati. Maziso ake aive akachena kuti weke uye aneka dark spot pakati zvekuti akamabhedhura kudai wainyatsokuona kuyema kwemwana uyu. Miromo dzake dzaive medium zvekuti kana achinge achikutsvoda wainyatsokunzwa gotsi  kuoma kuti papata. Mazino ake aive white white kupfuura mukaka wemombe uchangobva kukamiwa. Ndaitadza kunzwisisa**

**kuti munhu  uyu anodyawo here sadza sezvinoita vamwe vana nekuti mazino evamwe vana aive nembishwe pamwe wainyatsoona akaita yellow chaiko.  Mwana uyu munhu aipendera runako rwake nerunyemwerero kana uchitaura naye izvo zvaipa pfungwa mastudents mazhinji kuti aigona kuwana mukana wekunyura murudo naye.Waitonzwa vachigwidzana kuti heeh mwana akazondinyemwerera  , mwana**

**akazondisimudzira ruoko, mwana akapotsa andipa hug vamwe vachiti haah mwana anotondida chete maitiro akaita nezuro pandaibva ku Ďining Hall ndavepedyo.Wainyatsoona twumodzi twuye twakadhindira pashirt yake yewhite yechikoro zvekuti kana riri lesson mudzidzisi aita zvekukakama pose paitarisana naye. Mwana uyu aive neflat tummy zvekuti waishaya kuti anedumbu here kana kuti haana?. Panoperera**

**flat tummy iri paitanga kutyoka kwechiuno pachibva patanga kuumbiwa magadziko zvekuti aive akarembera nechekumashure kunge luggage yakuda kudonha muoverloaded car. Paye panoperera magadziko paiganhurwa nezvidya zvichizotevera mahips anodzika akaita kacurve achisvika kuperera paibvi. Ndipo paizotanga makumbo ake aive akatsvukirira zvakanaka uye kutetepera zvakanaka achisvika**

**kuzoumba tsoka idzo dzaipinda size 8 dzeshangu. I wonder why vanhu vazhinji vaimusheedza kuti 1 Gig bundle twumwe twubabe tuchinzi ma500 mb. Mwana uyu aive akabatana kunge Lamborghini zvekuti pose paifamba aisiya akwezva hurozvi hwevanhu kunge guhwa rechipfambi chemukadzi wamufundisi.**

**Her name is Bianca Mudhawu . An A level Student at Chibuwe boarding high situated in Manicaland Zimbawe. Her father is a renowned businessman in Manicaland. He is very rich blessed with everything .**

**Vanhu vaive vakati chechetere passembly point. Waingoona**

**bvudzi kuti ndoo wobva waziva kuti today its closing day. Iri ndiro zuva raifaririrwa nemunhu wese nekuti aibva amboti bye bye school work.**

**Tichipedza kuimba national anthem yedu takabva tati ziii kunge pafiwa tichiona**

**tsvarakadenga Bianca ichimhara pastage.**

**" _Thank you ladies and jentlemem as your heardgirl am honored to lead you in our opening prayer. Am begging you to close your eyes for a while"_**

**Wainyatsokunzwa kutsetseka kwevoice zvekuti paita kunge paitaurwa nengirozi. Voice raBianca was so nice zvekuti hapana murume aisada kurinzwa nguva nenguva. Kana ndiri seni zvangu ndaida kurinzwa 365 days dzose dzegore.Pose painamata Bianca wainyatsoona kuti vanhu vakanyatsoteerera uye varikunakirwa nevoice iri. Tsvarakadenga iyi yakazoti," amen "pakabva paita chinguva vanhu vakatsinzinya zvichireva**

**kuti vanenge vaitoda kuti munamato urambe uchienderera mberi.**

**Mwana uyu akaburuka pastage ndokubva pazopinda mudzisisi uyo akatanga kusheedzera matop 10.**

**Vanhu vakabata hana mudzidzisi uyu paive akusheedzera matop 10 eform 5. Mudzidzisi uyu aive akusvika panumber 2 iye Bianca asati asheedzerwa izvo zvaikaita kuti mafans aBianca atange kurohwa nehana. Mwana uyu aidiwa nevanhu mhani nekuti aive Heardgirl aigona kuseenza zvakanaka nemastudents uye aive asiri munhu aifarira kuti vanhu vagare vachipanishiwa mushure munhu atadza. Kana wanonoka aikutaurira zvakanaka**

**zvekuti nyangwe newe waitonyara kunonoka mangwana. Doing that she earns good charismatic leadership and command huge following .**

**"Ladies and gentlemem the wait is over ,let me introduce our number 1 spot. 25 points to his or her name . Total subjects**

**written  is 4. Mathematics, physics, chemistry and biology. ", vanodaro Teacher Machekaire avo vaive vatodenha moyo wemastudents aive atoneta nekumirira kunzwa number 1.**

**Her name is Bianca**

**Mhururu nemuridzo yakanzwika kubva mumastudents nevamwe vabereki vaive vakaungana. Mastudents anooneka achidzoserana sando  kuri kufara. Bianca unooneka achikwira patsage izvo zvakaita kuti mastudents amufuridzire makiss mumhepo. Bianca anodzesera kufuridzira kiss kumhepo zvekare izvo zvakafadza mastudents ndokubva atanga kusheedzera kuti ,"Bianca Bianca . "**

**Zita rake rinobva ramboita national anthem kwechinguva zvichiteverwa nerunyararo mushure mekunge Bianca akandira masweets muchaunga ayo aive auya naBaba vake pastage vachipururudzira kudadisa kwaive kwaita mwana wavo.**

**Zvose zvimwe zvakazoitwa zvavo asi paive panakidza vanhu kuhwina kwa Bianca uyo aive akaita number 2 term yapera izvo zvakasvota vazhinji. Last time aive akawhina aive heardboy uyo aive nehutsinye uye aive asingagoni kutaura nevanhu zvakanaka. Zvose zvaita mastudents izvi kwaive kusvotesa headboy ava nevatsigiri vake**

**Bianca anotakurwa nemota nababa vake ndokubva vaenda kumba.  Magret anova musikana webasa na Julian anova  Garden boy vanomhanya kusvika kumbundira Bianca paive aburuka mumota.  Bianca anopedzisirwa kumbundirwa**

**naGarden boy uyo aakabva arutsira musoro make. Zvinhu izvi zvakaitika mumaziso maGarden boy na house girl chete. Pasina nguva inzwi rinonzwika kusheedzera kubva mumba .**

**"Ko muchiri kuitei nemwana wangu vanhu imi", avo vaive baba Bianca vaisheedzera**

**"Taive tiri kumukorokotedza nekugona kwake kwatanzwa nembiri",anopindura Melisa the house girl**

**"Bianca andi........." haana kuzopedza  kutaura zvaida Julian nekuti aive atsonyiwa na Melisa.**

**Melisa anotora apron rake ndokubva apukuta Julian achibva apukuta zvakare Bianca .**

**Mushure meizvozvo mai Bianca vanosvika ndokubva vati ,"Mr Garden boy pedzisai zvamaida kutaura mati Bianca adiii....."**

**"Ko chii nhai mwana wangu Bianca", baba vanodaro vakayeva tsvarakadenga yavo. Bianca aive akakotama akabata mudumbu. Baba Bianca vaiva vasheedzwa naMai Bianca mushure mekunge Garden boy ataura kuti Bianca aive amurutsira.**

**Pavakazosara kusvika mumba , Bianca achindogara pasofa pedyo naBaba vake. Doctor aive atosvika uyo aive atofonerwa nama Bianca.**

**Doctor anoita zvose zvanofungira pabasa pake ndokubva ati ,"  Baba na Mai ndaita zvose asi.."**

**Mai Bianca vakadimbudzira Doctor vachiti baba Bianca mwana uyu tinofanirwa kumubvisa paChibuwe Boarding School nekuti nzvimbo iye inemalaria honai mwana wedu zvakuita.**

**Baba Bianca," Taura zvako mukadzi wangu paye hapaite**

**paye. My child she deserves a better education with nice accommodation"**

**Vanodaro baba Bianca vachitekenyedza matama aBianca.**

**Doctor,"Okay baba naMai Bianca congratulations your Daughter**

**anenhumbu ine 2 weeks pregnant not malaria"**

**Baba Bianca," vanobva vasimudza foni ndokubva vafonera umwe Doctor aive nyanzwi nezvekuongorora vakadzi"**

**Haana kutora nguva akabva asvika ndokubva apiwa basa rake. Akatora Bianca ndokubva aenda naye muroom make ndokubva adzoka naye achiti," baba namai Bianca nemakorokoto mwana wenyu achiri virgin zvichireva kuti asati ambosangana nemumwe munhu muupenyu hwake. Kana muchiti ndinonyepa munogona kutsvaga vamwe vakubatsirei. " ini basa rangu ramandisheedzera ndapedza regai ndiende.**

**Bianca aive  zai regondo mumhuri mababa vake. Vabereki vake vose vaidada naye uye vachihuta naye. Mwana uyu aigona chikoro zvemandorokwati uye aive munhu aiteerera zvikuru vabereki vake izvo zvakaita kuti vamupe trust yose.Mwana uyu**

**aisaita zvevakomana kana zuva rimwe chete zvaro. Munhu aiswera aripamba achiverenga mabook. Ndizvo zvakare zvaita kuchikoro zvakare mwana uyu aisamboita musikanzwa. Kuchikoro kwaive worse nekuti vakomana nevasikana vaingosangana muclass chete. Vasikana vaidyira kwavo vega vakomana vachidyirwa kwavo vega . Kurara ndizvo zvimwe chete vasikana vaive nedhomu ravo varume dhomu ravo.**

**Izvi ndizvo zvakaita kuti Baba Bianca vade kuziva kuti mwana wavo ainzi anenhumbu sei.**
**Baba Bianca vakambotora nguva vanyerere ndokubva vazoti kuna Private doctor wavo.**

**"Mr Doctor you are fired and our contract is terminated with**

**immediate effect starting from now onwards. I regarded you as professional but i was wrong .Get out of my sight"**

**Doctor,"One day you will remember me . Your child she is pregnant"**

**Baba Bianca,"How is that possible ...My child still a virgin......"**

# CHAPTER 2

**Baba Bianca vanobva vati,"How is that possible ...My child still a virgin......"**

**Baba Bianca vakazosara kutaura vega asi Doctor ava vaive vatobuda gonhi.**

**"No way , over my dad body . Bianca she can't  be pregnant " , baba Bianca vanotaura voga vachirovera water glass pasi.**

**Mai Bianca vanomhanya kundobata baba  Bianca vachiti," dady musadero calm down."**

**Baba Bianca vanobva vati , " ooh my God what have i done to deserve all this, am finished".**

**Baba Binca vanoti kwaku nehasha ndokubva vabata ruoko Bianca vachimudhonza ndokubva vabuda kunze. Vakasvika kumutsa motokari ndokubva vananga kudhorobha kwaMutare. Mota yaita kunge ichada kukudubuka nekumhanya. Havana kutora nguva vaive vatomhara paMutare General Hospital.**

**Baba Bianca vakamisa mota ndokubvva vaenda kundovhura door rekumother seat, vakabata Bianca ndokubvva vaita zvekumukweva zvechimbi chimbi vachibvva  vafambisa. Maitiro acho munhu aimhanya achifamba. Vanhu vose vaive paGeneral hospital apa vakati jiii kumira vachioma besu besu raitwa nababa nemwana.**

**Baba Bianca vakasvika kusheedzera kuti," Doctor , Doctor emergency"**

**Doctor vanobva vati," hey calm down what  is the problem"**

**Baba Bianca vanobva vati ," here is the problem"**

**Vanodero vachinhongedzera Bianca uyo aive akangoti tuzu**

**Doctor vanobva vati" what do you mean on this beautiful  girl? ,It looks like she is health and alive"**

**Baba Bianca vanobva vati," virgin pregnant Doctor"**

**Baba Bianca vanobva vazotanga kuti eyi, eyi eyi vachibata musoro wavo vachitarisa tarisa rutivi semunhu asangana nemashoko ekufa kwemwana wake kana murume asingafunguri**

**Doctor anobva ati," No way no way"**

**Baba Bianca vanobva vamira vakadzvondora  maziso avo kuna Doctor kunge board guard rapresident riri on duty. Papera chinguva vanobva vapindura vachiti ," yes  doctor you are right hazviite kuti mwana wangu**

**aite nhumbu asina kurara nemurume.**

**Doctor vanobva vati" Excuse us let me conduct some test. I mean can you give me time with Bianca to figure  out what is going on " Mashoko aya akabva adonhera munzeve dza Baba Bianca kunge mbeu  yabvuma kukushika ichibva yadonhera**

**pavhu rakanaka. Murume uyu akakanda nhando zwechimbi chimbi achisvika kuti go pabench muwaiting room.**

**Bianca naDoctor vanobva vaenda kulaboratory. Vanosvika vogara pazvimachair**

**vakaganurwa nechitable pakati pavo.**

**Doctor vanobva vati," Bianca am your Doctor you need to be open to me in everything  that am going to ask you"**

**Bianca anotarira doctor kwechinguva asati apindura**

**ndokubva abata chiso chake nemaoko maviri obva ati," okay doctor you can go on"**

**Doctor, vanobva vati,"  beautiful queen  chokwadi hachiputse ukama. You know its not right kuti vabereki vanetsekane nemwana wavakabereka kusvika pekupedzisira. Munhu anonyanya zvikuru  kurwadziwa**

**kana mwana akaita benzi, mubereki. Chinhu chinofadza chose kuti vana musaite zvinhu zvinobhowa vabereki venyu. Kunyangwe zvakaitika zvavo asi zvinokurudzirwa kuti muudze vabereki chokwadi.  Zvino ndinoda kuti undiudze nhasi chokwadi chichazorodza moyo wemubereki wako.**

**Hauna here kuita mistake ukarara nemukomana izvo zvakaita  kuti uzobatira nhumbu nhai mwana wangu?".**

**Bianca anobva atanga kunyuchira misodzi mumaziso ndokubva ati," Doctor kubva ndichizvarwa handina kurara nemukomana"**

**Doctor vanobva vati," asi mukomana wauri kudana naye aripo hake"**

**Bianca anopindura nekukurumidza zvairatidza kuti aive akatyamara nemubvunzo waDoctor asi muromo wake wakaerekana wati," noo handina ini "**

**Doctor vanobva vati ,"mwana iwe usade  kundinyepera am here to help you "**

**Doctor vanosimuka ndokubva vatora test kit yavo ndokubva vatanga kuita basa . Chokwadi hachina kuvanzika zvacho**

**vakabva vazvionera voga nemaziso avo. Vapedza kudero vanotesita nhumbu ndokubva vaona kuti iripo chaizvo.**

**Murume mukuru anotanga kupererwa akatarisa Bianca. Mwana uyu aive tsvarakadenga zvake zvekuti murume wese aitombodzimira maziso akamuyeva. Moyo waDoctor ava**

**waive watobiwa nerunako rwemwana uyu. Vanobva vafunga kuti zvino votangira papi kusvitsa shoko kune**

**mwana uyu . Moyo wavo waivaudza kuti," Doctor pamwana uyu makura hazviite asi nyama yavo ndiyo yaivatuma nekuti ropa ravo raive rasangana kunge jaya  ratanga kurara nemusikana muupenyu hwaro. Pfungwa yaive ina Doctor yaive yekuti mwana uyu abarwa vobva**

**vamuadopter kuita wavo sezvo Doctor vaive vasingabereki.**

**Vakambotsikitsira vachisanganisa pfungwa ndokubva vazoti," zvino zvawavenenhumbu yausingazivi baba vayo zvino uchadii ?"**

**Mubvunzo uyu wakaremera Bianca uyo aive asikunzwisisa kuti chii chaitika paupenyu hwake. Bianca aive arwadziwa zvekuti pfungwa dzake dzaigara dzichipisana asi kuti paive pasina wekuchemera , iye aiziva chokwadi chake vanhu vaizivawo chokwadi chavo izvo zvaita  kuti vamwe vanhu vatadze kunzwisisa nyaya  yenhumbu. Chimwe chinhu  chaita kuti**

**arwadziwe kudero kuti vanhu vainge vasingatendi kuti Bianca haana boyfriend.**

**Papera chinguva akazopindura achiti," i dont know doctor handimbotozivi"**

**.**

**Doctor vanobva vati," dont worry beautiful girl am here for you.**

**Okay listen here is my business card , let me pray so that God will give you strength. "**

**Doctor vanobata ruoko rwaBianca ndokubva," vati ngatitsinzinye tinamate" Doctor ava havana kutsinzinyinya vaive vakasvinura vachiona tsvarakadenga yakatsinzinya. Doctor vanonzwa muviri wavo**

**kuzara nemafeelings vakayeva njiva iyi. Mwana uyu aive akanaka akatsinzinya  kupfuura akasvinura. Doctor vakabva vaswededza miromo dzavo vachidhumamisa nedzaBianca.**

**Bianca akarekana ati," Doctor what are you doing?"**

**Nurse akabva anzwa mashoko aya achitopfura mupassage. Akabva atomira achivhura goni reLaboratory.**

**Nurse,"is everything okay?"**

**Doctor vanobva vati " yeah its fine nurse why muchivhura musina kunoka kunge muri mombe dzirikupinda mudhimbi"**

**Nurse vanobva vati," am sorry i heard strange sound so ndafunga kuti something is wrong uye munoda help"**

**Doctor vanobva vati," last warning"**

**Nurse anobva ati ," pretty girl are you okay"**

**Bianca anopindura kuti ," Yes but........"**

***BABA BIANCA***

**Rume iri raive rakagara pabench. Ruoko rwerudyi**

**rwakabata makey emota . Ruoko urwu rwaive rwakasendama paidyi regumbo rwerudyi . Gumbo remurume uyu raibvunda sezvo shangu yake yaitsitsika pasi. Gotsi raive rakaremera mafudzi chiso chakatarira mudenge idzo miromo dzakaitwa kufonyekera mukati dzakarumiwa nemazino**

**Rume iri raizvipindura nekuzvibvunza roga mibvunzo nhando . Pfungwa dzimwe dzaiti,"mwana wangu angaite zvakaita Marry zvekuzvara jesu ari virgin?.Imwe pfungwa ichiti kuti mwana wangu akashereketerwa? Murume uyu akazvidya nemubvunzo zvikuru. Chimwe chaive chichitya mukuru uyu kunyara sezvo munhu airemekedzwa kuchurch kwake kwaipinda kwa Mwazha. Murume uyu aive nechigaro**

**chepamusoro. Zvino aitya kuti aizotangira papi kuudza vanhu kuti mwana wake aida kuzvara munina wa Jesu**

**Pasina nguva akabva avhundutswa nenzwi raiti," Baba Bianca you can come in"**

**Akabva ati," okay" achibva ati kwarakwatu ndiye tande mulaboratiory muye.**

**Baba Bianca vakabva vati" Doctor  Matimba are you winning?"**

**Baba Bianca vakadero vasati vagara pachituro**

**Doctor Matimba vakabva vapindura vachiti ," you can take your seat"**

**Baba Bianca vanodzosa mibvunzo vachiti ," thank you it**

**looks like good news on the table. Doctor you know what i fired my private Doctor and from now onwards you are appointed in that position. Any amount any money i will pay doctor. Thank you very much , real Doctor"**

**Doctor vaye vanobva vati," ndatenda nekundipa trust yenyu yose  but ...."**

**Baba Bianca, vanobva vati " not but Doctor tell me good news am waiting now"**

**Doctor vanobva vasimudzira nyaya yavo vachiti ," Bianca she**

**is 2 weeks pregnant according to my results"**

**Baba Bianca vakabata musoro ndokubva vati," noo doctor  nei zvichidero. Tell me what is the procedure looks like"**

**Doctor vanobva vati ," Pregnant occurs kana masperm emurume asangana ne nezai remunhukadzi. Paanosangana anobva aumba chinorarama.  I don't know kuti how the situation at your home"**

**Baba Bianca  vanodzokorora kubvunza " what do you mean Mr Matimba"**

**Doctor vanobva vati ," i mean kuti munogara sei"**

**Baba Bianca vanopindura vachiratidza ukasha," is that of any importance  to the issue that we are discussing  right now ?**

**Doctor are you out of your senses"**

**Doctor vanobva vadzisa hasha dzavo," nooo i want to know if there is a....."**

**Baba Bianca vanorova rova musoro wavo vachida kuzama**

**kubatanidza pfungwa vanobva vazoti," Oooh i got you Doctor"**

**Murume mukuru anotanga kusvetuka svetuka izvo zvakashamisa Bianca na Doctor. Pose paisvetuka aingosheedzera inzwi rekuti " *Eureka* , *Eureka* "**

## CHAPTER 3

"Eureka, Eureka i found it , found it.", Vakadero baba Bianca vachisvetuka. Dumbu ravo raive rakakura kunge mukadzi anenhumbu yavepedyo

**nekubarwa. Pose pavaisvetuka zidumbu riye raitambawo naro izvo zvakamboda kuti Doctor vaseke asi vakazozvidzora semunhu mukuru.**

**Doctor vanobva vati , " zvino zvamurikuti eureka eureka zvodudzira here kuti munhu akapa mwana wenyu nhumbu mamurangarira."**

**Baba Bianca vakabva vambundira Doctor vaye nemufaro zvekuti kudai Doctor vasina kubatirira patable ,Doctor nababa Bianca vangadei vakati nyengu pasi.**

**Baba Bianca vanotaurira pasi pasi vachiita mahwee(whispering) munzeve dza Doctor**

**Doctor vanobva vati," thank God ,chokwadi chemunhu akapa mwana wenyu nhumbu mave nacho"**

**Baba Bianca havana kuzomirira kuti doctor apedza kutaura vaive vatobata mwana wavo ruoko ndokubva vatobuda muroom**

**Mota yakamutswa nokubva yarivhesa ichipedza ipapo mavhiri akatarira mumugwagwa . Gumbo rimwe raive rakatsika accelerator rimwe riri paclash. Accelatarotor yakatsikwa mota ndokubva yachema zviteverwa nekutsikwa kweclash . Ruoko**

**rweruboshwe ruchipinza gear stick munumber 2. Vanoregedza clash ipapo ipapo vachiwedzera kutsika mafuta. Mota inosimuka iri mugear 2 ichiita zvekuskiidza zvekuti taira remota rakabuda chiutsi . Pasina nguva mota yaive yatove mugear number 5 iro rinova travelling gear. Mota yaita zvekumedza tarred road zvekuti waiona speedometer ichitambira pa200 speed and above**

**Julian**

**My name is Julan . Am educated but handina kuona  decent job of my qualifications when i finished my University. Things  became worse when i fell in love with**

**Tilda at University. This girl told me anenhumbu yangu pataive takuda kupedza semester yedu ye 4.2 . Since we had sex several times i agreed to marry her. Both we graduated with Honors Degree in local Governance studies.**

**Ndakatobva naTilda ku university tichindogara kumba kwedu. House number 234 kuChikanga phase 3 ndipo pataigara ayo aive makilometer anoverengeka kubva Muguta remuMutare . Tilda she got a Job at Chicken in but as for i was not working.**

**She was a breadwinner nekuti ndiye aita zvose pamba . It came a time when the house i lived yaive yakuda kutengeswa nevana vasekuru vangu. Sezvo imba iyi yaive yasekuru vanobara mai. Ini ndaichengetwa pasekuru uye baba vangu ndaive ndisingavazive.  Vana vasekuru ava vaigara kumusha uye vaive vakawanda so vaigara vachigwidzana pamusoro pemba iyi. The decision  yakazovepo**

**ndeyekuti imba itengeswe vagone kutapudzirana mari.**

**The house was sold then life became so hard zvekuti we moved kundoroja Musakubva muye pedyo nekumarket.**

**Tilda aive anerudo zvake zvekuti wainyatsoona kuti she is trying all means to help me . Ndiye aitenga chikafu zvose nekubhadhara rent. She gave me hope and treated me like a man on my time of down fall. Bad news came when she told me she was lying that i got her preganant. I never accepted this at first time but later on i admitted am barren. Ndinorangarira mazuva mazhinji pose pandairara na Tilda taita**

**raw sex, no protection . I asked her kuti," waive usinganwi mapiritsi here and she told me noo"**

**Tilda munhu ari very beautiful ,everyman 's dreams. It happened one day when she came home crying. I asked her what is the problem iye akandiudza kuti Boss wake aive**

**ati anomuda uye akatadza kumuda aizopedza basa rake.**

**This was bad news. Tilda ndiye aita zvose pamba but aive asingachaseenzi. The burden was upon me  yet am not working. Takatanga kutambura kusvika rimwe zuva Tilda azonditsvagira basa reuGarden boy pamba paBaba Bianca.**

**Idzi dzaive ndangariro dzaive dzadzoka mupfungwa mangu mushure mekunge ndaona picture raTilda raive rapinda muwhatsapp yangu richitaura nezve marriage anniversary yedu ye2 years. This picture rakatorwa pataive pagraduation ceremony ye 4.2 paMidlands State University iyo iri muguta reGweru.**

**Bhero remota rakarira ndokubva ndamhanya kundovhura. Baba Binca vakapinda vachisvika kumisa mota zveñharo. Mota iyi yakasara ichibvunda mushure mekunge yamira zvichireva kuti vaive vatsika clash nemabrake ipapo ipapo vachibva vaisa handbrake ipapo**

**ipspo.Vakaburuka mumota ndokubva vasvika kundipa mazigwati emabhama. Ndakadzedzereka ndichiona nyeredzi masikati machena. Ndaive ndakutadza kuziva kuti kuvhura gate kwandaive ndaita chaive chitadzo here?.**

**Pasina nguva ndakanzwa Baba Bianca vachiti from now onwards you are fired. Ini ndakazvibvunza kuti ," How come to be fired nemaseconds, ko ndatadzei?**

**Pamba apa ndaisapiwa mari yakawanda asi shoma iyoyo yaita kuti ndichengeta mhuri yangu nekubhadhara rent . Imagine kumuka wakarara pamba mukadzi akangotarisa iwe**

**mumaziso uri baba vepamba uri helpless . As for me i knew kuti ndaisabara so kana ndakuita zvakare rovha zvoreva here kuti mukadzi pandiri paive pasina chekugarira. Handina mari handibereke so can i deserve to marry a graduate?**

Izvi ndizvo zvinhu zvaive zvandididya moyo zvekuti i was ready to do everything to save my marriage and my job. Mushure mekunge ndarohwa Bianca naBaba vake vakabva vapinda mumba ini ndakasara ndakati tuzu dama rakati fuse kuzvimba.

**Magret akabva ati," what is the problem  Julian?"**

**Ndakabva ndamupindura ndichititi," am fired"**

**Magret akabva anditarisa nekushamisika ndokubva at," how how nei?"**

**Ndakabva ndati ," i dont know" ndichirasa zvangu maoko.**

**Magret akaswedera pedyo neni achisvika kuti ndiii neni. Ini ndainzwa kufema kwake iye achinzwawo kwangu. Ndaive ndakutoshaya kuti Magret akuda kudii? , pasina nguva akazoti" maybe they suspected kuti ndiwe wakaitisa mwana wavo nhumbu"**

**Ndakabva ndati," nooo nooo how how?". Ndichibva paive naMagret ndichifamba famba zviye zvemunhu abatwa nedzungu.**

**Ini ndaisagara pamba apa ndaiuya kana basa rangu rakawanda. Most time Bianca anenge arikuchikoro or overseas kuma holidays so ndakamuona papi kuti ndigomupa nhumbu? . Uyu**

**waive mubvunzo waitongesa pfungwa dzangu. Uye ini ndakatanga rini kuzvara ndichitadza Tilda?**

**( Julian anomhanya ndokubva asvika kuvhura door zvesimba achipinda mudining umo maive mugere baba namai Bianca. Anosvika obva amira akaparadzanisisa makumbo**

**zviye zvinoita Christiano Ronaldo achida kukava penalty ndokuba ati)**

**Baba namai ndineurombo kuti zvamunondifungira handizvo . I cant do that evil. Am born Christian  how can i do such thing . Handina kana zuva rimwe randakaita any physical conduct**

**nemwana wenyu even phone number dzake handina.**

**Baba Bianca vanobva vati," blood lier. Now listen you yourself  you are the male partner in this compound. I think you want to try me. Try me and you will see my true colours . Go ahead"**

**"How can you say such a thing father. To be male partner zvinoreva kuti ndakapa nhumbu mwana wenyu here. Why dont ask her where did she got the pregnant ?", anodero Juliani uyo aive akubvunda neshungu.**

**Baba Bianca vanobva vati, " wait and you will see my true colours. How dare you....?" Panguva iyi rume iri raive rasimuka pasofa richinongedza Julian ne the tallest finger.**

**Julian anobva ati ,"ini ndirimafira kureva hamungandipe mhosva yandisingazivi"**

**Mai Bianca vanotanga kuchema vachidembera murume wavo kuti adzore hasha kuti nyaya igadziriswe murunyararo**

**( Baba Bianca vaive vatononongedzera chibhamu kuna**

**Julian. Katallest finger kakabva katrigger chibhamu ichi)**

**Sound yakanzwika kurira zvichiteverwa neruzha rwemhere mhere mumba umu.**

***MAGRET***

**"Julian is dead", but why God . That innocent  young boy. This world is unfair.**

**Kudai ndaziva ndamubata zvangu ruoko kuti asapinde mumba. My thoughts  killed innocent soul .This means kuti mukadzi wake atove shirikadzi here?. How does this pregnant**

**claims human life. My mind inondiudza kuti Bianca she has a story to tell.**

**Ndini ndaigwidzana nepfungwa dzangu. I was not ready to see the dead body of Julian. I was somehow nearer to colonise Julian to be my love. Akandiudza zvose zvaive zvichiitika paupenyu hwake kuti chinhu**

chaishuvira kuwana mukadzi anomuda sezvari uye kusamunyepera. Julian aive neronda mumoyo make iro raiti rakakonzerwa nemukadzi wake . Mukadzi wake aiti akamunyepera kuti anenhumbu yake izvo zvakazobuda pachena kuti handizvo. Zvino Julian went a lot achizama kubatanidza zvose izvi uye kuti azvinzwisise. when i heard story yake ndakaona zvakakodzera kuti ndimutorere advantage. I started to become

nice kwaari zvekuti ndaive ndakutanga kugainer trust maari nekuti ndainyatsokuona kamwe karuchengera kwaive akunditira zvaireva kuti aive akundida.

Zvino it was a bad lucky to me nezvose zvakazoitika izvo zvaita

**kuti chiponda moyo changu ndirasikirwe nacho.**

**Regai ndimhanye ndibve ndaita pay my last respect to him.**

**Pandaive ndakuda kuvhura gonhi redining . Ndinonzwa huta yemota kurira. Ko chingave chii?. Zvoreva kuti mapurisa here?.  Hameno ikoko regai ndimhanye ndinozvionera pamhino sefodyo.**

**Ndakamhanya ndokubva ndasvika kuvhura gate. Zigate redu raive reblack rakaenda**

**mudenga kunge aya anobuda mumaNigerian movie zvekuti hapana kana chinhu chimwe chaunoona kana uri mukati . Pamba pedu apa paive pakavakwa zidurahall raive rakaenda mudenga. Pamusoro pedurahall iri paive neelectric fence  zvekuti waiziva kuti wapinda imomo wobva wati bye zvekunze.**

**Door iri rairema zvaro , panguva dzose dzandairivhura ndaisenzesa remoti. Zvino chezuva iri zvaive manually.**

**Pandakapedza kuvhura ndakabva ndati bhaa maziso kumota iye . Chandakaona ....**

# CHAPTER 4

# MAGRET

## Pandakapedza kuvhura gate ndakabva ndati bhaa maziso

kumota iye . Chandakaona hutaurirwa hunyimwa mbare dzekumusana. Ndakaona mota yaive yakanyorwa kuti ZRP. Mapurisa aive atoburuka akabata pfuti. Haana kuda kutaurà neni zvavo. Vakabva vamhanya vachipinda mukati vachisvika kukava gonhi repa dining. Ini ndakabva ndatopindawo paakapinda.

**Ndakanzwa akuti,"  hands down " achireva baba Bianca. Hana yangu yaive yakutorova mushure mekunge ndaona Julian akati zvambarara pasi senyoka. Ndakatanga kuzvitongesa ndichishaya kuti ndodii. Ndakazotura mafemo ndakubatwa nekutya mushure mekunge ndaudzwa nababa Bianca kuti ," u are fired  how come you can call police"**

**Ndakashaya nerekutaura sezvo muviri wangu waive wakubvunda wese. Ndakazvidemba kuti kudai zvangu ndatanga kubvunza ndisina kuvhura gate.**

**Bianca anobva afamba nhando mbiri achienda kuna baba vake achiti" dont fire her she is not her fault"**

**Panguva iyi yakataura Bianca ndakanzwa kuti kunge panechinhu chaindisimudza mudenga nemafaro. Moyo wangu waida kusvetukira Bianca ndichibva ndamupa hug kuratidza kumutenda nekundimiriririra. Ndipo pandakaona kuti kunyangwe vanhu vakada kupomera munhu mhosva mwari anopindira neimwe nzira.**

**Baba Bianca vanobva vapindura vachidedera nehasha zvekuti miromo dzavo dzainyatsooneka kubvunda," are you the one who called the police"**

**Bianca  anobva atarisana na baba vake achibva ati ,"yes"**

**Yes yaBianca yaive nekaconfidence mukati . Paitaura aive akamira zviye zvine kapause kunge munhu arikuda kutorwa foto. Body yake yakabva yandengendeka zvekuti wainyatsoonawo kusanduka kwe magadziko ake.**

**Mai Bianca vakabva vadira Bianca mucheka wezimbama vachibva vati," are you Judas Iscariot here ?   ,how can you betray your father"**

**Mumwe wemapurisa akabva ati ," mhamha musaite drama mumaziso edu kana muchida kuactor endai mundojoina vana kapfupi, vharazip , madam boss nana Mai Titi"**

**Mupurisa uyu aidero akanhongedzera mai Bianca neshamboko iyo yaive yakaita zvekugonya yakatarisa pasi kunge nhengo yemurume yatadza kumira pamukadzi anechirwere chesick.**

**Baba Bianca vanobva vati ,"Oh my God my blood is killing me."**

**Mapurisa akabva ati ,"Put the gun down". Baba Bianca vanobva vaisa pfuti pasi ndokubva vamonya maoko avo kumashure ndokubva vaiswa njema.**

**Mama vaBianca vakabvva vaenda kundozvidonhedzera mumaoko aBianca ndokubvva vachema.**

**Mama Bianca vanobvva vandandama kutaura vachiti" how can you do this to your father?"**

**Bianca anobva ati " look mother father was going to kill a human being ,shed blood ..."**

**Mama vanobva vati ," noo inga varidzira mudenga wani"**

**Bianca anobva apindura ," Am sorry mama because pandaona pfuti ndamanya kupinda mumba**

**kundofonera mapurisa but mama look at the second short was directed to Julian. What about kudai mapurisa anonoka kusvika aizofurwa.  Anyway an sorry"**

**BÌANCA**

**The situation was hectic for me. I was not myself panguva iyi. Ndaisada kuti ndisheedze mapurisa asi ndakatoona zvakafanana nekuti ndaisada kuti padeuke ropa. Ofcourse it was a mistake but i save someone's life.**

**Idzi dzaive pfungwa dzangu dzaizvitongesa mumusoro**

**mangu. Ndaitonzwa kutsva panguva iyi. I was nowhere zvekuti chekuita paive pasina. Life was too difficult for me considering the situation yaive iripo at the moment. The family was fighting because of my pregnant. Hapana chinhu chaive chakanakira chimwe zvinhu zvose aive manyama amire nerongo. Vanhu vaingodzingwa zvisinganzwisisiki panguva yakatanga zvenhumbu iyi. Our private doctor aive akadzingwa,**

**Julian  na Magret considering the situation aive akuda kutodzingwa. Zvino vose ava vanhu vaigara vachichema nezita rangu.  Zvinhu izvi pamoyo pangu zvaive zvisipo uye ndaibatikana kuona zita rangu richitaurwa nezvaro munezvakashata**

**Nhumbu iyi yaive yakundishungurudza zvekuti zuva nezuva ndaive**

**ndakutoshaya zororo. Ndakabva ndafunga zvekumbofurwa zvangu nemhepo. Ndakatora makey emota yangu ndokubva ndati," mhamha i need to refresh my mind  allow me to take a ride"**

**Mama Bianca vakabva vati," Bianca hazviite kuti ufambe nemota considering the situation"**

**mama noo do you want  to kill me alive?"**

**Mama vanobva vati," any way you can go but please dont take long ndingauraiwe nababa vako vakadzoka usipo"**

**Handina kuzomirira kupedza kutaura kwa amai . Ndakasvika kumutsa mota ndokubva ndatobuda gate.**

**" _Life is so miserable. You know Bianca. I urge you to work hard at school and am happy for you kuti urikupasa with flying colours. At high school i was doing the same. Ndaive ndichigonesa_ _zvemandorokwati kusvika ndasvika kuUnivesity. I chose local Governace studies. I did my attachment at Chipinge Town Council ndikabva ndadadisa**

**zvekusvika pakuita the first one kugadzirira newsletter which captured Bàngazani Dam_ .**

**_The reason why i studied Bangazani Dam was to come up with the problem of solving water crisis in Chipinge. Chipinge inonetsa zvikuru panyaya yemvura unlike Mutare mvura kwainobuda nguva dzose.**

**Bangazani Dam ndiro rinopa chipinge mvura yekunwa . Dam iri its very big but for now it cant supply  Chipinge populace. Chinhu chinoita kuti mvura inetsa kuti Dam iri rinoda kuvandutswa  kuti rikwanise kutakura mvura inokwanisa kusupplier chipinge yose.  After writing my newsletter_ _ndichikurudzira maresidents kuti abhadhare mvura kuti bangazani rivandudzwe i won prestigious  award from WHO iyo**

yaisponsor kugadzirirwa kwemanewsletter aya.  I got many job promises from reputable organisation but now am jobless. I dont know why Bianca. Life is becoming hard for me Bianca._ "

Iyi yaive history yaJulian yaakandiudza mushure mekunge ndamubvunza about his life

**background mazuva ekutanga paakapinda basa**

**Pfungwa idzi dzakangouya mumusoro mangu ndokubva ndaona picture yaJulian ichitaura nezvedam iri.**

**Ndakabva ndarova mota ndakananga Chipinge ndichida**

kundoona kuti was it real kuti Bangazani ririko here?   This place ndiyo nzvimbo yandaida kuona uye ndiyo yaigona kuti ndinzwe zviri nani.  Kubva Mutare to Chipinge it was 3 hours drive but i managed 2 hours drive.

Chipinge Town Council its a big building  but not upstairs.

**Yangoita kunge imba yekurara but its very big. Yaive yakapendwa newhite uye hapana kufenziwa. There is very big space around it zvekuti vanhu vanogona kugara zvavo vachitandara.  Pandakasvika i exchanged some talks to an attachie aisenza kuwater department and he directed me over there.**

**It took  me one hour to reach Bangazani Dam ,after a long struggle sezvo mota yaisafamba zvakanaka kubudikidza nemapot holes muroad uye kurasika nekubvunza direction kuvanhu.**

**Ndakamisa mota yangu ndokubva ndatanga kumira kumaside e dhamu iri. Nzvimbo iyi yaitonhorerera zvikuru uye inemhepo yaivhuvhuta zvainakidza. "Ýes it was true", Julian aitaura chokwadi. Ndakanyemwerera ndakatarisa zvangu zidam iri.**

**" *Bianca you are happy at the moment but you must know that its temporary. Remember you still have the pregnant why cant you take your own life and you will be out from this trouble* ."**

**"No *Bianca shingirira zvinopera . Haumbozivi kuti mwana wawakatakura achava chii muneramangwana. Zvimwe mwana iyeye achakuitira munana anogona kuva mutambi webhora**

**achatokunda Messi, Mbappe na Christiano Ronaldo.  Footbal is paying my dear. Imagine christiano  Ronaldo anotambira above 200 million pound a year kuAl Nasir  after 7 years  anenge atove ne billion pound. Zvinogona kudero kuti wakatakura calling yamwari* . "**

**Idzi dzaive pfungwa dzaigwidzana mumusoro mangu. Pfungwa yekuti ndizviuraye yakaramba ichitonga mumoyo nemupfungwa dzangu ndokubva ndazvidonhedzera muDam iri......**

# CHAPTER 5

## Mama Bianca

**Moyo wangu waive wasara mudiki diki, pfungwa ndidzo**

**dzaive dzandiremera . Ndaive ndakutsvaga uta mugate ndakushaya zano kuti ndotangira papi. Ndaiti ndikagara ndobva ndasimuka ndobva ndafamba ndakananga kugate ndodzoka ndogara zvakare. Time yaive yatofamba iro rima raive rati svete asi nekuda kwemagetsi aive masikati. Moyo wangu waingoti," daira kani daira kana. " but chinhu chaizondimbowa kamwe kamunhu kaitaura kuti,"**

**the number you dialed is not aivailable please try again later.**

**Ndakasheedza Magret kuti ndifone nephone yake asi mhinduro yaive imwe chete iyoyo. Ndakazvidemba kuti chandaive ndabvumira zvangu Bianca kuti aende kundofurwa nemhepo. Zvino baba vake vakadzoka asipo ndichati kudii?**

**Ko aive awanana nei kwaive aenda ? Zvinogona asangana neaccident here?. Idzi dzaive mubvunzo nhando dzisina anopindura..**

**Ndakasheedzera,"Magret uya pano"**

**Magret akasvika ndokubva atyora muzura achibva ati," mama ndauya ndokubatsirai nei"**

**Hauzive here shamwari dza Bianca kubva zvaenda masikati asati adzoka zvino moyo wangu wava mudiki**

**Magret anobva amira kuti twii achikwenya magodi ake ayo aive arimusoro apedza akabva ati," haah mama munoziva kuti Bianca aive asingaite zvemashamwari munhu aifarira mabook so ini hapana andinoziva ini"**

**Ndakapindura ndichiti,"Mwanangu usadero kana pane zvaunoziva ndiudze . Baba vaye vakadzoka pano hapadyiwe rinopisa"**

**Magret anobva abata pachipfuva chake achiti" ndingakunyepererei mhamha hapana apa asi maybe anenge**

**aenda kunedzimwe hama dzenyu"**

**Ndakabva ndamudimbura ipapo ipapo ndichiti,"Hapana kana hama dzanoziva uyu. Haana kumbogara kumusha zvekudero kuti ungadei achiziva hama dzababa vake.  Kana kuri kwangu vanhu vose vandafonera vanoti havana kumuona. "**

**Magret anobva ati ,"mama musanyanyo kutya zvenyu anodzoka uyu. Bianca munhu ari wise uye haaite zvenhu zvaanoziva zvinopinza mama pamuedzo . Musatye mama be strong"**

**Pasina nguva malights emota anooneka kupenya pagedhi. Magreti anobva atanga kusvetuka achiti Bianca is back. Mama vanobva vatanga kunyemwerere vachiti thank God my DAUGTHER is back.**

**Narrator**

**Mota inopinda ndokubva yasvika pedyo nemba kuti ndii.  Engine inosara zvayo ichidhuma asi mota imire. Vamwe ndivo vanoti kunonzi kuhaidhira. Mai  Bianca naMagret vanobuda vachimhanya vachi," sheedzera kuti Bianca ". Vanoshamisika vachiona mota yakanyorwa kuti ZRP ichiburutsa Baba Bianca. Mufaro wamai Bianca naMagreat unobva wagurwa negugwe. Vaviri ava vanobva vati tuzu**

**vakatarisana ne chikara Baba Bianca. Mota yemapurisa inorivhesa ndokubva yabuda gedhi**

**Baba Bianca vanotinya remote, gedhi  rinobva razvivhara.**

**Mama Bianca vanobva vati welcome back dady vachimhanya kuda kupa hug rume iri"**

**Baba bianca vakabva vati ," welcome Bianca ,welcome Bianca?**

**mai Bianca vakabva vati zii vachibwaira tumaziso kunge twegondo rakuta huku.**

**Baba Bianca vanobva vati," where is Bianca"**

**Mai Bianca vakabvva vati ," she is not around"**

**Baba Bianca vakabvva vati," how ?"**

**Magret akabva ati ," Bianca she took a ride to refresh her mind but up to now she is not back"**

**Haana kuzopedza kutaura magret aive atopihwa mazigwati maviri embama ayo akaita kuti adonhe pasi. Masiketi akati pfenju mudenga chipant**

**cheyellow ndokubva chasara chakatarisana nababaBianca.**

**Baba Bianca vanosimudza gumbu vachida kutsika poto yaMagret asi vakabatwa na Mai Bianca avo vakasundidzirwa kure vachindorovera nepillar reveranda.**

**Baba Bianca vanofambisa vachipinda mumba kundotora makey emota. Vachibuda vanobva vasimudza mukadzi wavo nàMagret ndokubva vavandonyera mumota.**

**Bianca**

**"Hey beautiful queen can you wake up please"**

**Aya aive mashoko akanzwika kutaurika munzeve dzangu. Mashoko aya akaita zvekundivhundutsa zvekuti ndakaerekana ndati kwaku pachimubhedha chandaive ndirere. Ndakatarisa kumativi ose ndokubva ndaona kuti inga ndiri muchipatara. Ndakatanga**

**kufunga kuti chii chaive chaitika asi ndakatadza kuziva.**

**My Child welcome to Chipinge Town Council hospital. Ini ndiri kutaura am Chipinge Town Council secretary and my name is S Dube. Avo vari apo ndivo Administrator vedu vanonzi Mr J Mashingaidze. We thank God kuti our team worked very well kuti urarame. Please don't do it again zvekuda kuswimmer**

**usingazvigone unofira mumvura. Bangazani dam is very big ,deep dam.**

**Misodzi yangu yakatanga kuerera pamatama ndichizvitongesa.**

**Ndakabva ndabvunza kuti ko nei ndakaita zvakadero," Nurse akabva ati maybe waifunga kuzviuraya because of your pregnant . Please don't do that a child is a  blessing from God"**

**Ndaive ndatozvikanganwa kuti ndaive nenhumbu. Pakataura**

**nesi ava ndipo pandakarangarira.**

**Ndakabva ndabvunza kuti," what happened kuti ndibude mudam."**

**Town secretary  vakabva vati," fisherman"**

**Julian**

**Baba Bianca vakazoburitsa mari ndokubva vapa mapurisa . Ini pandakabvunzwa kuti unoda kuti Mukuru uyu asungwe here ndakabva ndaramba.  Kwaive**

**kwakutodoka zvako ndokubva ndaenda kumba. Pandakasvika ndakatoona zvangu chikafu chapedza kubikwa zvose zvarongedzerwa. Ndakadya zvangu chikafu ichi  kusvika ndapedza asi moyo wangu wainetsekana kuti sei Bianca aive akaita nhumbu ari virgin.**

**Moyo wangu wakatanga kunetsekana kusvika ndaparura nyaya iyi kunemukadzi . Tilda**

**akandiudza kuti ," hazviite kuti virgin inobatira pregnant . Ndakamuudza kuti ini ndaive ndisingachakwanise kushanda naBaba Bianca mushure mekunge vandibuditsira pfuti.**

**Hana kuratidza kundipa pressure akatondisimbisa kuti ndisiye**

**basa. Akabva andiudzawo kuti aizopinda neni munhamo nematambudziko uye aisafa akandisiya nekuda kwenhamo. Moyo wangu wakatenda mwari nemukadzi aive andipa uyu ainzwisisa zvakadero.**

**Tilda akarongedza mandiro. Ndokubva andibata ruoko rwangu. Ini ndakateverawo kumashure kwake. Takasvika pedyo nemubhedha ndokubva acheuka kunditarisa. Akatora nguva akanditarisa pasina nguva tauro raive akamona rakabva rati zuu pasi.**

***Gema , ini ndachema, ngatirarame saAdam na Eve muka dady toita se tingori two chete hatifunge kuti kunechingatinetsa tega tega. Handimbokutiza ii my daddy you and me chete hapana chingatinetsa tega tega* .**

**Iyi yaive call ringtone rangu yaive ichirira. Mukomana Winky**

**D na Gemama ndivo vainge karingtone song yefoni yangu. Song iyi ndaidira kuti yainyatsokutsanangura mazilove angu na Tilda.**

**Ndakamhanya ndokusvika kuti dzvii phone yangu ndokubva ndaswipe ndichibva ndati kwati kwati  nenzeve. Ndakatanga**

**kushamisika nemashoko andainzwa asi akazobva akunyevenutsa hana yangu. Ndakabva ndaisa paloud nekuti ndaida kuti chiponda moyo changu chizvihwire choga.**

**Ndakatarisa chiso chechiponda moyo changu chanyorwa**

**mufaro.Moyo wake wakaita seuchatsemuka nemufaro. Babe rangu rakabva rakotama richibva randifongorera. Rakabva ratanga kuzunza magate kunge muimbi anonzi kikky badasy uyu akabuda muvideo raEnzo ishall achitamba song inonzi magate 50 kana zvikaramba 60. Ndakaseka zvangu nechemumoyo ndakuita kundadama ndichinzwa kukurungwa nemusikana uyu akaimbwa na Guspy Warrior**

**musong yake ita seunonhonga babe.**

**"After a long struggle babe you got a job. Yuuuuuuuuu yuuuuuuuuuuuuu am happy for you . Mutare City Council ummm mwaaaaaaaaaa. Education is goood goooooh", Bianca akabva atanga kusvetuka svetuka pamberi pangu achitaura**

**mashoko aya ndokubva amhanya achindimbudira.**

**Ini ndakabva ndati,"Thank you baby for dropping my cv over there . Lets hope i will pass the interview. Imagine local Governance  Practioner expert. Do you mind if you accompany me tomorrow  to boast my confidence "**

**Baba rakati," shiiii richiisa chigunwe pamuromo pangu zvekuti". Ndakabva ndanyarara kunge kamwana kacheche kandonyerwa zamu remukaka mukanwa.**

**Pfungwa dzangu dzakamedzwa nerunako rwemwana uyu zvekuti**

ndakaona ndisingachaoni madziriro eimba asi ndakuona iye chete. Tilda akabva aswededza nhando dzake pandiri ndokubva asvika kuti ndii pandiri. Ndakanzwa mamviri epachipfuva  pangu kugumiwa netumhodzi twemazamu ake aive akamira kuti twii. Akatambisa mazamu ake achiwedzera kupenengura mamviri epachipfuva pangu zvekuti ndakanzwa ropa rangu kusangana. Mafeelings akabva

asimuka ose. Stress yakabva yatiza zvekuti ndaive ndakutonakigwa zvangu ndiri munyika yangu ndoga.

Akazotanga kutambanudza maoko ake achidadavira kumakochekera nechemuhuro mangu izvo zvakaita kuti atsike pasi nezvigunwe zvekupedzisira. Ini ndakabva ndaisa maoko angu

**kumagadziko ake ndichiita kunge kumatsimbirira mukati ndichimusimudzira kuti asarwadziwe kutsika nezvigunwe uye kuti asvikirire pama lips angu. Ndakadembedza muromo wangu ndokubva tatanga kukisana kusvika mwana akundidhonzera kumubheda. Akasvika kurara nemanhede ini pamusoro. ........**

# CHAPTER 6

**Akasvika kurara nemanhede ini ndikabva ndajambira pamusoro. Ndakabva ndazviudza mumoyo mangu kuti nhasi Tilda ndoda kumuratidza rudo rwasati amboona. Ndakanzwa mutape vanyatsomira zvekuti ndainzwa kuti ndave ready. Pandaive ndakuda kukurunga poto**

**nemugoti wangu ndakanzwa kukaviwa kwegonhi.**

**Mushure meizvozvo ndakanzwa inzwi remurume kutaura ndikabvva ndaziva munhu wacho.**

**Chakava chipata pata kuminura mubhedhu ndokubva ndapinda pasi. Ndakaudza Tilda kuti ukabvunzwa vaudze kuti dady havapo.**

**Gonhi rakadonha ndikabva ndaziva kuti Baba Bianca vaive vapinda mumba. Ndakanzwa kusheedzeera kukuru pamusoro**

**pezita rangu. Rume iri raive nevoice rekuti rikataura wainzwa zvinhu kugeda geda mumba nekukora kwevoice rake. Panguva iyi aitaura kuti ," where are you Julian " pachishaya anodaira ndaiziva kuti zvichaita kuti anzwe hasha zvikuru. Akatanga kukava zvimapoto achidonhedza zvimonarch zvaive zvakarongedzwa pachikona achikwachura macurtain. Ini ndaita zvekunzwa sezvo ndaive ndisikumuona zvangu .**

**Ndaitonzwa kufemeruka kwake ndakati kwati pasi pemubhedha. Mudumbu mangu maive muzere mwando kuri kutya kuti zvino mwana wevanhu anopararama here naBaba naBaba Bianca. Chinhu chandaive ndakutotya kuti zvino akaburitsirwa pfuti hataure here kuti ndiri pasi pemubhedha. Even zvavo uchidiwa sei hakuna munhu angambozokuda kudarika upenyù hwake . Nekuti hapana munhu anomboda kusiya sadza**

**nebeef nemanakiro arinoita aye. " Chokwadi kudai ndakaziva haitungamiririri ndingadei zvangu ndakatadza kuenda kundoshanda kwababa Bianca. " , iyo yaive imwe pfungwa yaive yakunditongesa.**

***TIIDA**

"Ini handina zvangu nguva yemafunnies. Nd'inoda kukuratidza kuti ndinoita sei kana mboko dzikada kundijairira. Ndirikuda kuti undiuudze kuti murume wako aripi  ndisati ndakukanda nyere mumusoro", aya mashoko aitaurika kubva kuna baba Bianca vakandinongedzera pfuti

**Ndaiti zvimwe Julian anonyepa paakati ndakanongedzerwa pfuti naBaba Bianca. Zvino nhasi chaiva pandiri. Ndakatanga kubvunda zvekuti ndaitonzwa mazino angu kurumana chaiko. Misodzi dzaive dzati chururu pamatama. Ndakataridzwa pfuti pahuma chaipo kuti ndii.**

**Julian ndaimuda kubva kare. Handizive kuti chii chaita kuti ndimude zvakadero.ini na Julian taive tisiri vesame type. Julian aive tsuro yemubook chaiyo. Zvinhu zvake aive manyama amire nerongo. Waisatomboona kuti zvinobva kupi zvichienda kupi. Kubva zvandakawanana naJulian haana kana kunditengera zvake nduwe chaiyo yekupfeka. Iye trouse rake rekupfeka aitonetseka . Ndini ndaitomboenda paSakuba**

**flee Market kundo mutsvagira matrouser emubhero ndomupfekedza. Pandaimbotoseenza zvaive nani nekuti ndaitotambira mari yakati wandei. Mari yaitambiriswa murume wangu kwana  Bianca yaiperera kurent nechikafu.**

**Ndaive ndadzamisa pfungwa pañdaifunga zvose izvo. Ini kufa**

**ndaisada zvangu ndaida kurarama. Moyo wangu wakabva watondibvumira kuti ndiuudze zvangu Baba Bianca kuti Julian ari pasi pemubhedha.**

**" Where is Julian", vakadero baba Bianca.**

Ini ndakaerekana ndapindura kuti," Julian.........

*MAGRET*

**Takaita zvekundonyerwa mumota kunge masagi.Zviye zvekuti madam boss vanogara kumother seat mushandi anogara kumashure  zvinenge zvichakanaka uye rudo rwishipisi. Panguva iyi madam boss neni zvake Magreti taive tafanana. Madam boss ava vaigara vachindiudza kuti ndinonhuwa nemamwe mashoko aidzimba ekuti ndiri rat hameno vairevei. Ndakazobvunza Julian ndokubva ati vanoreva kuti uri**

**gonzo. Mukadzi uyu aizvida mhani zviye zvekutoona kuti mapudzi akawira pasina hari. Zvino panguva iyi ndaive ndamuwanikidza. Ndakanyatso kumumbundira ndikabva ndati kunyepedzera kufemeruku kuti ndinyatsobururitsa chabhomba chehwema yemukanwa mangu imo manga mave 2 days ndisingamugezi saka ndaiziva kuti achakaura.**

**Ndakatanga kunzwa mai Bianca ava vachiita zvekukatyidzwa ndikaziva kuti ndaiwana ngwarati. Panguva yaitavhunditsirwa ndaita zvekunamanirana navo mai Bianca ndichivamhara zviye zvekuti vaifunga kuti inyaya yekutsikiririrana.**

**Mota yakatinhira ndokubva yasimuka zvinesimba ichisvika sunga break kuti ndiii pagedhi. Baba Bianca vaive vakuda kurovera gedhi. Ndinoshaya kuziva kuti vaive vasikuona here kuti gedhi rakavharwa.**

**Takazopona nemabrake avakadzvanya zvinesimba. Maviri emota akafamba amire kwechinguva achizobva amira. Pangu iyi ini namai Bianca takaerekana tadhumana misoro. Misoro dzedu dzakaita sechichada kutsemuka nekuti waitonzwa urozvi kutiza.**

**Ndini ndakatanga kuburutswa zvangu ndokubva ndaenda kundoti kwati kwati nedoor rana Julian . Ndaita kunzwa vaviri ava vachitaurirana tuma love nothings . Vanhu ava vaita zvekuyemerana zviye zvaitokwidza mafeelings. Ndakatonakigwa kusvika pakudzisa ruoko mupant. Ndakaive ndakunzwa kuvaviwa zvekuti zvaitoda kuti ndimbobata sikarudzi yangu. Pfungwa dzangu dzaive dzakufunga kuti**

**zvari kuita mukadzi wake dai zvirizvo zvarikundiitira. Ndaitonzwa kutii kana ndatonokerwa pano uye ndaive ndatokanganwa kuti ndatumwa.**

**Ndakaerekana ndabatanidzirwa nemukavo wababa bianca avo vaikava gonhi. Mushure**

**meizvozvo ndakanzwa Baba Bianca vakunditi ,"prostitute "**

**Vakatanga kuti ," open the door i need Bianca now now "**

**Takazopinda zvedu mumba mukadzi wacho ndokubvva abvunzwa kuti Julian arikupi,"**

**chikaramba chichiti i dont know?" Ini ndaitoshaya kuti chinoti handizive sei ini ndanzwa chichitaura naJulian. Ndaive ndabatwa nehasha ndakuda kutaura chokwadi asi ndakanononoka nekuti pfuti yaive yatorira....**

**BIANCA**

**Town Secretary vakabva vati," Fisherman"**

**Vachibva vandisiira makey emota yangu plus mari yangu nenumber yecar parking bay.**

**Handina kupedza nguva ndakaenda kucounselling room ndichibva ndazobuditswa.**

**Ndakapina mumota ndokubva ndanànga kuChipinge Town Council. Ndichisvika iko ndakataura naTowsecretary uye nekuda kuzwa pamusoro pafisherman.. hapana kana**

**chinhu chakabuda sezvo vaive vati hapana information yavakasirwa maererano naFisherman.**

**Ndakabva ndabuda muoffice ndakuoneka kuenda zvangu. Ndakarova mota ndokubva ndasvika paJopa. Nd'akambomira ndichiyemura**

mababanana aivepo. Ndichipedza kudya zvangu ndakanzwa pfungwa ichiti.

"Bianca why cant start up your own life. Look now , you never know what will take place when you get there baba vako vanotanga kukubvunza mibvunzo hobho kuti nhumbu wakaiwanepi? .Hazviite here kuti

**ubvise nhumbu? . Paye wakasiya wandisungisa?"**

**Ndakabvumirana nepfungwa iyi ndokubva ndarivhesa mota ndokubva ndadzokera kuchipinge. Ndakapinda muTown ndichibva ndabuda ndakananga kulocation. Ndakasvika paive nebhawa rimwe raive rakanyorwa kuti Dzonzai. Ndakapinda zvangu ndokubva ndatengera mumwe**

**murume madoro . Ndakabuda naye ndokubva ndazendama pamota ndichimubvunza nezvemunzvimbo iyi.**

**Murume uyu aive akasungunuka zvikuru zvekuti ndakazomukwidza mota yangu takufamba tichitsvaga imba yekurenda kulocation. Hazvina**

kutora nguva ndaive ndatoiwana imba yekugara. Ndakazoperekedza murume uye kubhawa ini ndokubva ndadzoka zvangu ndakuona kuti ndoita sei muimba yangu iyi. Ndakadzoka mumba umu matorongedzwa zvakanaka. Vaive vatomuuisa chisingle bed nezvimagumbezi.

**Ndaenda zvangu mushower ndokubvva ndatanga kugeza. Ndapedza ndakaita hurukuro namastand kusvika zuva ratodoka ndokubvva ndarara.**

**Mangwana acho ndakabvva ndarasa line ndokubvva ndatenga**

**rimwe. Ndaive ndakutofunga zvekutanga business rangu. Pfungwa yakatanga kuuya kuda kutengesa mabhero. Ndakapedza zuva rose ndichiita maconnection ekuti bhero raitengwa kupi uye ndaizoona profiti yemarii?.**

**Mangwana acho ndakamuka kuenda kudam. Moyo wangu waiti dzimwe nguva ndingasangana naFisherman ndimutendewo nekundibatsira kwakandiita. Ndakasvika ndokubva ndamira pangu paye pemazuva ose ndakayeva mvura iye asi hapana munhu andakaona. Ndakaìta vhiki ndichiendako asi hapana chakabuda. Ndakazosiyana nazvo ndokubva ndatanga**

**business rangu rekutengesa mbatya mubhero.**

**Rimwe zuva ndakaenda pAtm ndokubva ndaona card rangu remari rakablockiwa. Ndakada kubuda misodzi asi ndakazvishingisa ndokubva ndatoona kuti upenyu hwangu**

**hwaive hwasara pamota nebusiness rangu.**

**Chikoro handina kumira zvangu. Ndaive ndakuita maextra lessons zvangu apo neapo. Shungu dzangu dzaive dzekuti ndipase zvangu form 6 . Ndaive ndazvipira kutì kunyangwe**

**ndikabuda ne6 points zvaive zvisina mhaka.**

**Nguva yakafamba ndichirarama upenyu ndiri ndoga. Nhumbu yaive yatove nezvekuma5 months zvekuti dumbu raive rakutooneka. Hapana murume aida kuswedera pedyo neni. Moyo wangu waive wakuti kudai**

**ndaona zvangu munhu anondida sezvandiri asi ndakamushaya. Ndakazviona kuti hakuna munhu anoda munhu anenhumbu yasina kumitisa. Tarisiro iyi yakapera zvayo. Ndaitomukira kutengesa mbero rangu paveranda rezvitoro zvaDzonzai.**

**Rimwe zuva ndakashamisika ndasvikirwa...........**

# CHAPTER 7

Rimwe zuva ndakashamisika nda svikirwa nerimwe zijaya rakanwa mukaka rikaguta. Zirume iri raive zidema dema zvekuti waitoshaya kuti raive rakaumbwa namwari here kana satani. Pachiso zvake aive handsome asi kuti kusviba chete. Akabva asvika ndokubva atenga 1,25litre drink rake recoke ndokubva atenga nezvima platsic cup. Akabva anditambidza zvake. Ini

**handizive kuti nei ndisina kuramba nekuti ndaisatambira chikafu chaibva kuvanhu asi zuva iri ndakachitambira. Akabva abuditsa radio yake ndokubva atanga kuridza sòng yaAlick macheso yekuti tafadzwa Nyarara unyararise. Rume iri rakabva ratanga kuisa mike ndokubva ratanga kuti ,**

**"Hembe dzemabhero dziripano. Hanzvadzi, vaninina , chembere ,harahwa , shirikadzi pano paita mucheno wemakungwa.  Ndiyo mukana wekupfeka chiramba kusakara dooo reshumba. Hembe dzakaongoroorwa kunzekwenyika. Hembe dzinopfekwa nevachena.Hembe dzakauya nendege .Hembe dzakauya nengarava . Huyai huyai nehuwandù hwenyu muzvionere musasarire**

**kumashure semuswe wembwa. Garai murikumberi sechair yamufundisi, iyi ndiyo nhaka yeyupenyu inokunda magwaro echikoro. Hatina nguva tisati tasimuka takananga kudhorobha kune vanotidako mhanyai tiite mushandire pamwe semajuru"**

**Rume iri rakatanga kutamba tseremu steremu, hozvo ngondo**

ngondo.  Vanhu vose vakabva vaungana pasina nguva. Ziya raive rati chururu kudzika nematama rume richitamba. Chiuno chake chaita kunge chakasungwa newaya nekuti chaibvuma zvose zvaida. Vanhu vakazara kuita mavhu nemarara zvekuti mbatya dzangu dzakapera pasina nguva. Ndakamhanya kunotora rimwe bhero ndokubva ndauya kuvhura ndokubva rapera zvakare. Murume uyu akazooneka vanhu

**kuti mutambo wedu waperera pano. Vanhu vakaramba vakamutarisa zviye zvekuda kuri awedzere mafaro. Akabva pachaunga ndokubva aenda kwaDzonzai . Rume iri rakadzoka rakabata chingwa nedrink nepolony. Takatanga kudya zvedu achipedza akabva andìoneka kuti ndave kuenda. Moyo wangu wakarwadza kuparadzana nemunhu aifadza kudero asi hapana zvekuzviita**

**nekuti yaisava hama yangu ndaigona nyengerera kuti igare.**

**Ndakada kumupa mari ndokubva airamba akabva ati ndazviitira kuti ugone kuwana mari yekuchengeta mwana. Ndakamubvunza zita rake akabva andiudza kuti ndinonzi Tseremu. Izvi ndakaona kuti**

**kundivhara zvake sezvo aisada kuti ndizive zvakawanda pamusoro pake. Akandisiirawo plastic  raiti rineusavi zvakare.**

**Moyo wangu wakarwadza ndichiona Tseremu akadzvara bag rake achienda. Aive akapfeka chishort chaive chikareba rimwe side rimwe**

rakapfupiķa. Hembe yake yaive yakabooka zvekuti yaitonyadzisa kutarira. Zvisinei hazvo happy soul aenda.

Ndakamutsa mota ndokubva ndaenda zvangu kumba nemabhero asina chinhu . Ndaive ndichifunga zvangu kuti mangwana acho ndaifanirwa

**kundo order. Ndakasvika pamba ndokubva ndawaridza mari pamubhedha**

**Vadikani mari yaivepo zvekuti ndakatadza kuiverenga mhani. Ndakazobatwa nehope ndakatsamira zvangu mari. Hope dzakaganuka mushure mekunge ndarota Tseremu**

achitamba zvaita masikati. Ndakamuka ndokubva ndagara zvangu ndichifunga zvose zvaive zvandiitira Tserumu. Moyo wangu wakatanga kuona kunaka kwa Tseremu. Ndakatanga kufunga Tseremu zvekuti ndakapedzisira ndazvimba maziso nekuchema . Ndaingochema ndichiti tseremu wangu ndichamuwana kupi?.

**Murume uyu aive asina phone kana chii zvake aingovewo munhu wemustreet. Ramangwaa racho ndakatadza kuenda kuorder ndinemarwadzo ekufunga Tseremu..Ndakatanga kuita sekuti ndave munhu aipenga kufamba ndichibvunza kuti makamboonawo here murume anonzi Tseremu andaive naye nezuro. Vanhu vaingonditarisa vobva vaseka**

**kunge varikuona munhumukuru akanapukiswa phamba**

**Zvezuva iri zvaive zvaramba ndakazoenda zvangu kumba. Ndichisvika ndakatanga kubika sadza rangu  nekuti usavi waivepo wandaive ndakapiwa naTseremu.**

**Ndavhura plastic riye ndakashamisika nezvandakaona. Ndakabva ndarikandira pasi mushure ndarohwa nehana...........**

**TILDA**

**Ndakaerekanà ndapindura kuti haapo. Ndakanzwa kurira kwechibhamu ndokubva**

**ndadonhera pamubhedha. Ndakashamisika ndichiona ndiri mupenyu. Ndakabata huma yangu zvese nemhino ndokubva ndaona kuti ndiri mupenyu. Ndakatarisa  Baba Bianca ndokubva ndaona kuti varikuloader mabara muchibhamu chavo ndipo pandakaziva kuti vaive varidzira muceiling**

**. Vakabva vanditendeka. Ndakabva ndarohwa nebuka. Pandaive ndakuda kutaura kuti**

**Julian ari pasi pemubhedha ndakabva ndaona Mai Bianca vamira pakati pedu. Mai Bianca vakasheedzera kuti," Kill me"**

**Baba Bianca vakadzungudza musoro vachibva vapedzera shungu dzavo nekurova mbama Magrete uyo akadzedzera achizendama pastove iyo yaive**

**ichipisa zvayo nekuti ndaive ndisina kuidzima.Stove yedu yaive isingatsvuke moto yaingoramba yakaita black apa ichipisa zvikuru. Ndakaona Magret akuuruka mushure mekunge apiswa magadziko ose aya. Paive achiridza mhere akabva apiwa zibhutsu ndokubva adzedzereka achibuda door. Baba Bianca vakabva vabata mai Bianca ruoko ndokubva vabuda.**

**Ndakanzwa mota kumutsiwa ndikabva ndaziva kuti vanhu ava vaive vaenda. Ndakasimuka ndokubva ndasimudza mubed ndokubva Julian abuda. Takatarisana na Julian ndokubva ndatanga kuchema.**

**Julian akabva atanga kundinyaradza achindinyengetedza. Ndakazonyarara zvangu ndokubva tarara. Ini ndaisada kukwenyiwa ndobva ndasiirwa panzira. Ndaitoda zvebonde zuva iri asi ndakaona kuti Julian aive asingachade. Ndakabva ndamujambira ndokubva ndamugarira. Ndakatanga kumukisa pama lips ake zvineunyanzvi. Ndokubva ndaita chidhasharara ndichiita kutwerka**

**zvangu ndiri pamugoti wake. Ndakanzwa shasha yakuwira. Rume rakatanga kundibatirira zvivakashura ndichitwerka kudero. Ndakazoerekana ndananganisa....**

**Takamuka zvedu makuseni ndokubva ndagezesa dady Julian. Ndakapedza ndokubva**

**ndamupfekedza formal. Ndakambotora nguva ndichimukama bvudzi nekuyeva runako rwake. Moyo wangu wakagutsikana ndakamutarisa kuti izvo zvaita kuti dady vanogona kuenda kuinterview. Ndakamhanya ndongogeza panguva iyo yainwa dady tea.**

**Ndapedza ndakapfeka formal yangu iyo yaive skirt yeblack netop yewhite. Ndakapfeka gogo rangu reblack. Ndakaisa kamake up kangu so ndokubva ndanyatsoona kuti ndabuda. Ndakaenda kuna dady ndokubva ndavakisser zvangu. Babe akandibata muchiono akanditarisa. Ndaive ndakutonzwa kuda panguva iyi zvekuti ndakatopinza ruoko mutrouser rake. Akazondiratidza kumadziro ndokubva ndaona**

**kuti nguva dzaive dzafamba apo pandaive ndakatarira pawall watch. Takabuda tichimhanya ndokubva tapinda mutax.**

**Ini ndakasara zvangu kuwaiting room Julian achipinda kuenda kuinterview asati aenda ndakabva ndamupa kiss yekumushingisa.........**

# Baba Bianca

**Ndakasvika pamba ndokubva ndaparker mota mugarage. Moyo wangu waita kuvira nehasha. Ndakabva ndaenda kubottle store yaive mumba umu ndokubva ndatora doro ndichinwa. Ndakatanga kuzvirova rova ndichisvima misodzi. Ndaive ndaremerwa nepfungwa zvekushaya kuziva chekuita. Zvinhu zvakandinetsa uye kunditorera nguva kuti nditambire kuti Bianca aive anditiza. Mwana uyu ndaìmuda**

**nemoyo wangu wese zvekuti kumushaya ndaitonzwa moyo wangu kudzurika. Ndiye aive dzinde reupenyu hwangu hwese zvino zvaanditiza ndichararama sei?. Moyo umwe ndowo waizvitongesa kuti kwaari kutsvene here? .Ndakabva ndafunga kublocker card rake senzira yekumurwadzisa kana ari mupenyi adzoke kumba.**

**Ndakazobatwa nehope ndokubva ndarara. Ndakamuka rungwanani ndakananga kutown. Ndakasvika kuhire mumwe muscientist uyo akauya nemamiscrope. Ndakamupinza mumba muroom raBianca  ndokubva  atanga kuongoroora mbatya dzake ,masheets airara,zvose zvaishandisa . Chinangwa chaive chekuti ndigone kuona umbowo wekutu nhumbu iyi yakabata sei asi akashaya any evidence iyo**

**yaibatsiridza kuti Bianca aite nhumbu**

**.**

**Paakapedza kuongorora scientist ava ndakabva ndaenda kuBinga kwagodobori.**

**Ndakasvika ndichitambirwa zvangu pamba apa nemufaro. Vasikana vaive vakapfeka zvimuvharangozi vakabva vauya pandiri vachinditambiri. Ini ndaifanirwa kubata mazamu mhandara yose yaiuya ichinditambira.**

**Pamba apa paive nezidhamu iro raigara kupfuta chiutsi. Mukati medamm iri nechepaside paro paive neimba yeuswa iyo yairapirwa vanhu.**

**Ndakasheedzwa mumba muye godobori  vaye ndokubva vatanga kundirovera tsoro dzangu. Vakazopedzisira vakuti ,"unoziva here pawakaresva muzukuru.."..**

## CHAPTER  8

**BABA BIANCA**

**vakuti ,"unoziva here pawakaresva muzukuru.."..**

**Ndakabuda ziya ndakangoti dzvondo maziso . Pfungwa nendangariro dzaive dzakundididya zvekuti ndainzwa kunge ndakatakura zidzoro risina urozvi. "Ndaive ndakaita zvose**

wani zvino kana sekuru vakuti ndakaresva vanorevei?" .Uyu waive mubvunzo nhando usina anopindura. Vakazondiudza kuti," mashoko andataura wamanzwa unogona kuenda zvako".Moyo wangu waingobibidza usingazorori kunge munhu abatwa nemunhikwe. Ndakashaya kuti ndodii kuti ndigadzirise paive paresveka asi sekuru vakanditsinidzira kuti," paive

pasara 3months chete kana 3 months dzapfura.. ".

Phone yakabva yaringer ndokubva ndadaira. Inzwi iri raive remwana sikana. Ndakabuda ndiri bara ndichimhanyira kumota. Hameno chii chakandiguma ndokubva ndati pasi dhii. Ndakadonha nedumbu zvekuti ndakanzwa

**matumbu angu ose kukwira kumoyo. Maziso ndiwo aive akubwaira bwaira kunge mwana abatwa achiba sugar namai.**

**"Baba Bianca kumhanya handi kusvika. Dzungu hakusi kungwara. Fambai pore pore munosvika. Yadeuka yadeuka haichadyoreki", kutaura uku**

**kwakabva kwapinda munzeve dzangu zvekuti ndakabva ndashaya simba rekupindura ndakatarisana namakumbi. Ndakati kwaku ndiye dzii. Ndakadhedhereka ndichisvika pamota. Ndakavhura door , ndini uyo hutu ndakananga kumba.**

**"Here is what i found baba Bianca.", inzwi iri raive remunhukadzi. Aive musikana akanaka zvake zvekuti kunevamwe varume ropa raimbotomira  kumhanya asi kwandiri zvakandirambira.**

**Ndakanetsekana kuti musikana uyu aive akakwana here kana dzaive dzakashota. Angabva andifonera kuti andipe kanhu aka here?.**

**Ndakabva ndamusvipira mate. Ndakanyatsoona achipfachukira mumaziso ake.**

**Moyo wangu wakabva waita kufara chaiko kuti musikana uyu akaura. Ndaitoda kumupa zibhutsu chaiko asi ndakaona kuti arikure ndikati regai ndiite zvekupotsera mate.**

**Ndakamutarisa neziso rairatidza ruvengo chaiko zvekuti kudai panguva iyi taidya tose mundiro imwe chete ndaimbozama kumuisira tupoison abve ati tasa.**

**"Please sir take this it might help you", akadzokorodza zvakare. Ndakatambanudza maoko angu muviri wangu uchibvunda kunge tsanga iri mumvura.......**

# BIANCA

**Ndakavhura platsic riye ndakashamisika nezvandakaona . Ndakabva ndarikandira pasi mushure ndarohwa nehana.**

**Hana yakambomira kurova zvishoma. Imwe pfungwa u ikati buda mhani umhanye? Ndakavhura gonhi ndichiti nhando mbiri ndakaerekana ndati ndiii newashen line .**

**Pandaigwa nekukotama kuti ndipinde nechepasi payo ndakanzwa kubhabhadzirwa kumusana. Ndakazvibvudza mibvunzo nhando dzisina aidaira. Umwe moyo ndiwo wakazoti,"  usayere nyoka negavi iyo iripo". Ndakabva ndati cheu ndiye baa..a maziso na landlord. Vakanditarisa ndokubva vati,"mwanangu chii chirikukudya moyo"**

**Ndakabva ndapindura kuti,"hapana apa ndiri bhoo"**

**Vakabva vati ," ini ndirilandlord asi ndiri mai vako .Zvino madyire ako ayo ekuti dumbu rinokurisa kudero nechikafu unoziva here kuti rimwe zuva pachada munhu anoritsvaira nemutsvairo kuti riserere uchinge wazvimbirwa?"**

**Ndakabva ndati," mhamha mungabva madzamisa pfungwa here?"**

**Ivo vakabva vati ,"ehe nekuti ndanzwa musindo mumba mako ndikaziva kuti zvinhu hazvina kumira mushe"**

**Mhamha musatye ndiri ,"bhoo"**

**Landlord vakabva vafambisa ndokubva vavhura goni ndakabva ndaona vachifambisa vachiuya kwandiri vachiita kunge vachada kundiurukira.**

**"Ichokwadi here chandiri kuona ichi", vakadero landlord.**

**Ini ndakaramba ndakavatarisa kwechinguva vakabata ziplastic riye. "Unoreva here kuti nhumbu yaunayo ndeya Lucas", aya aive mashoko aitaurwa namhamha**

**ava . Mashoko aya akasvika kuti dyo pamoyo pangu.**

**Ndakavatarisa kwechinguva ndichizama kubatanidza kuti lucas aive ani. Lucas ndaisamuziva zvachose uye muupenyu hwangu ndaive ndisina kumbosangana nemunhu akadero. Ndakabva**

**ndafunga kuti zvimwe mukadzi uyu aive prophet.**

**Moyo wangu wakati regai ndimubvunze mukadzi uyu zvimwe kurotomoka kwake kwaigona kundibatsira.**

**"Ko nhai mhamha lucas ndiyani?", ndakabvunza ndine unyoro zvakanyanya. Ndirikureva mukomana anehove idzi dziri muplastic. Hana yangu yakati dhiii kurova.  Ndakabva ndatanga kudzosa ndangariro dzangu. Moyo wangu ukabva wada kuziva zvakawanda pamukomana uyu.**

**"Lucas Mhofu mwana aizivikanwa nemukurumbira zvikuru nekugona. Akapasa A level yake akabva atanga kudzidzisa muzvikoro zvakawanda ari temporally teacher. Akazoendawo kuUniversity ndokubva andoita lawyer. Mushure mekunge apedza chikoro akatanga kuseenza as a lawyer. Hondo**

**yakazovapa mushure pasvika zimota reblack pamba pavo. Mai vake nevarume vakauya nemota vakatanga kupopotedzana.  Asi mai vake vakarambisisa kuti lucas adzokere kumba kwababa vake. Varume ava vakadzokera asi vakasiya vatema murango wekuti kana akatadza kuti mwana adzoke kuna baba vake pamba apa paizofiwa.**

**Pasina nguva mai vake vakabva vafa. Lucas akatanga kuputa mbanje ndokubvva atanga kuita zvehove. Nanhasi lucas anotengesa hove achisheedzera nemike uye kutandadza vanhu nekutamba", misodzi dakatanga kuzenga mumaziso. Ndaive ndave kuona mhute . Moyo wangu wakabva wadzimbikana zvikuru ndokubvva ndabatwa**

**nedzungu ndichidzedzereka ndichibva ndadonha nedumbu.........**

## LANDLORD

**Handina kuziva kuti ndadenha mutunhu unemago. Zvino zvandauraya mwana wevaridzi ndinozviudza ani. Vakuru vakati ,"ndezvameso muromo zvinyarare " ko chii**

**chandaitsvaga mubindu revanhu sendisina rangu. Ndakatanga kubata musoro ndikabata magadziko ,ndikabata mazamu ndichishaya zvekuita. Ndakazoerekana ndakwetsura chimhere. Mhuri yose yakabva yaungana.**

**Pfungwa dzakatanga kuuya. Takazotenderana kutakura Bianca ndokubva tamuisa mumba make.**

**"Nhai vana vangu zvino todii nemunhu uyu?" Ndakabvunza ndichida kuzivawo mazano. Vakuru vakati chara chimwe hachitswanyi inda zvino panguva**

**iyi paitoda kuita zviye zvekuti kutsva kwendebvu varume vanodzimurana.**

**"Mama nyaya iripano munhu uyu ngatimusiye akadero . Isu chatingakwanisa kuita kuridza mhere . Vanhu vachadhirimuka vachiuya isu tobva**

**tavatsanangurira kuti afa arere pamubhedha. ", iyi yaive pfungwa yemumwe mwana wangu wemusikana.**

**Ini ndakaiona sekuti yaisenza . Tose semuhuri takabva tati kwetsu mhere.......**

**TILDA**

**Julian achisheedzwa kuti apinde muinterview. Ndakamubata ruoko ndokubva tanamata. Ndichipedza kudero ndakabva ndamupa kiss yekumushingisa. Ndakanzwa neropa rangu kumhanya . Mushure meizvozvo ndakazonanzvira miromo yangu ndokubva ndavhundutswa**

nenzwi raiti,"kudai chiri chidyiwa maichiti chii nhai hurungudo"

Ndakamboda kufinyamisa kumeso. Pfungwa dzangu dzakaunganidza dozen rezvituko. Ndakabva ndati," mukwasha mundi.....". Handina kuzopedza kutaura ndaive ndanzwa shirt

**yangu ichidhonzwa kumashura. Ndakacheuka ndakasimudza zimbama kumashure ndichida kuzendemura munhu uyu. Ruoko rwakatanga kupera simba hwuri mudenga kusvika wati pasi rembu. Ndakashaya nerekutaura ndokubva ndazonzwa inzwi raiti," thank you mwanangu yambiro yangu ndeyekuti kunyarara kunokunda zvose. Satani muchengeri anogona kuona kuti wakuda kupunyuka obva akubata nepamwe. Uri**

munhu mutsva pano hauzivi kuti munhu anokutsvinya kudero anechigaro chipi pano."

Pandakada kupindura gogo ava vaive vatosimuka vakutanga kucleaner matiles . Ndakabata manzwi ndokubva ndanyarara kuti zii. Pasina nguva ndakaona ndanzi dzvii muruoko. Ndaiona tichipesuka zviye zvekuona

midhuri dzichifambawo. Takasvika zvedu ndokugara muoffice iyi. Takaita nguva pasina akataura neumwe maziso achingoshanda chete. Ndakazonzi ndibude ndokubva ndaenda kundogara zvangu pandaive idzo pfungwa dzichindididya zvishoma nezvishoma kunge gonzo ririkudya sipo.

**Ndakazoerekana ndakunzwa unyoro pahuma pangu.iyi yaive kiss yandaive ndapiwa nemurume aive akachonjomara mumaziso angu. Akabva andisimudza ndokubva tatanga kufamba takananga kunze. Moyo wangu wakamboti," ndimubvunze here ?",umwe ukati," nyarara fira zvako mumoyo."**

**"Ko dady basa racho mariwana here?",ndakabvunza mashoko aya mushure tasvika zvedu pamba.**

**Akabva ati ,"  commitee officer for a period of 3moths .Then life**

**employment as Administrator. 5 bedrom company house, company car, 10000 us dollar permonth and free holidays to any country of my choice**

**Ndakatanga kuuruka mudenga ndichinzwa zvose izvi. Chinhu chakandinetsa kuti nei baby**

**wangu aive asikufara asi ndakazongoti dzimwe nguva aive achifarira mukati zvake? Moyo wakabva wati bvunza, zvakare ndakabva ndati" baby why usiri kufara for this new beginning...."**

**Akabva ati," this job depends on you........"**

## JULIAN

**Hapana zuva randakafara chose kudarika zuva randakasheedzwa kuinterview. Pandakapotswa ndauraiwa naBaba Bianca ndakabva ndaziva kuti upenyu hwangu hwachinja. Ndaive ndatopinda machena . Hapana chinhu chinofadza sekuseenza basa rako rawakadzidza. Moyo**

**wangu waingoti Julian local governance expert. Basa iri ndairida mhani nekuti raive rakanditorera 4 years dzangu dzose ndiri pauniversity. Moyo wangu wakatanga kutenda mwari mushure ndapiwa kiss nemudzimai iyo yaindisimbisa. Chakandishamisa ndichipinda muoffice ndaifunga kuti ndichaona panel of interviewers but ndakaona zvangu kuti aaaah zvamuri muoffice ma Chief Excecutive Officer  we Mutare**

**Municipality. Ndakatambirwa nemufaro ndichitonzi ndawana basa ndokubva ndapiwa zvandaifanirwa kuwana pabasa iri . Hondo yakazouya pakanzi ndiwe wauya nemunhu ari kunze here ?. Ndakamhanya kundomutora Tilda achipinda muoffice. Zvandakazoudzwa aive mandiririri emashoko . Ndakashaya kuti ndodii chaizvo nekuti zvaidiwa nemukuru uyu aive makata. Zvinhu zvaida zvaive zvisingaite apa basa**

ndairidawo zvino ndodii? Nyaya yake yaive yemuto wakakora kupfuura sadza zvekuti ukaseva musuwa waibva watyoka.

## CHAPTER 9

Nyaya yake yaive yemuto wakakora kupfuura musuwa

**zvekuti ukaseva musuwa waibva watyoka. Ndakasvika zvangu pamba ndichishaya kuti ndoitanga sei nyaya yangu. Paakandibvunza kuti ," interview yaive yafamba sei" ndakabva ndatomuudza zvaivepo. Mwana wevanhu akatanga kuti ,"what kind of man is this .....anondiona semunhu ari cheap to bed everyman in this world". Tilda akabva azodzikama akabva ati ,"so whats your mind on this". Ini ndakaramba ndakanyarara asi**

**moyo wangu waita kudzurika uye ndaita kunzwa kuremerwa ne decision making. Life was too difficult parizvino zvekuti ndaitoshaya kuti ndodi. Ndakabva ndafunga  pfungwa yekuti ,"vane mari ndivo vanamambo". Izvi ndizvo zvaive zvaitika pandiri panguva iyi. Basa iri ndairida zvikuru asi kuti ndiwane basa iri ndaifanirwa kubvumidza mudzimai wangu kuti aite bonde nemurume uyu ,aive mamwe marwadzo adzimba**

**moyo. Ndakazopindura Tilda kuti ," i need this Job"**

**Manheru acho takarara takafuratirana ini ndichibikana nepfungwa dzangu. Akada kuzama kundibata ini ndokubva ndaita kunge handimunzwe. Mangwana acho Tilda akamuka ndokubva ati ," i love you very much my husband and i value**

**your happiness  let me give you the joy that you need"**

**Akabuda ndokubva aenda kundogeza. Mwana wevaridzi akapfeka kamini kainyatsobuditsa chivakashure . Akabva auya pandiri ndokubva ati ," zviribho here zvandakapfeka" moyo wangu**

**wakatanga kurwadza ndichiona zvidya zviri panze. Ndakaramba ndakanyarara zvangu ndisina kana rekutaura. Ndakamukandira business card raC.E . O vepaMutare Municipality. Ndakabva ndamupa zvakare room number yepaChristmass Pass Hotel**

**.**

**Mwana wevanhu akabvva avhara goni ndokubvva abuda.**

**Ndakatanga kufunga zvose zvataita naTilda kubvva kuchikoro kusvika taroorana.Ndakazvitongesa kuti mweya rudzii waive wandibata kusvika ndizoita zvakadai.Ndakazvinyarira idzo**

pfungwa dzichiita kupisana mumusoro.

## TILDA

Mushure mekunge ndaudzwa magara moyo naJulian ndakashaya pekutangira. Murume wangu ndaimuda zvekuti ndaita zvose zvaita kuti

**afare. Panguva iyi ndaive ndapiwa a very big tempation. Mumba maive musina mufaro. Zvose zvataita zvaive zvatosiyana. Ini ndakafunga zvangu zvekudzora mufaro wemurume wangu nekuita bonde naC.E.O kuti murume agone kuwana basa sezvo zviri zvinhu zvaida.**

**Ndakabva ndafonera murume uya obva atondiudza kuti ,"am waiting"**

**Ndakapinda mutax ,mavhiri akamedza tara tax yakananga kuChristmass pass Hotel .**

**Handina kutora nguva ndaive ndatosvika panzvimbo. Ndakaenda kuroom number 8. Ndakangoti ndichipinda ndokubvva ndati ba-a maziso kune rino zirume raive zidhara. Raive zvaro rakatatopfeka chiboxer iro zidumbu rakati rembu. Rakabva randivhunza zvakawanda ndokubvva ndati," no time sir lets do buziness". Ndakabva ndaisa kapace kangu pamubhedha ndokubvva ndarara negotsi.**

**BIANCA**

**"Bianca wake up am here the fisherman" , ndakanzwa mashoko aya achidzokorodzwa munzeve dzangu. Ndaita kunge ndiri kurota . Zvinhu zvacho zvaive zvisinganyatso**

**kunzwisisisika zvekuti ndakatadza kuziva kuti chii chaitora nzvimbo.**

**Ndakazoerekana ndasvinura maziso. Zvinhu zvandakaona ndaive ndisingazvifungire. Ndakashaya kuti ndotangira papi asi kupererwa nemashoko. Ndakatarisana na Lucas**

kwechinguva ndokubva azoti," thank God you are alive please take care of yourself am leaving". Ndakanzwa ruoko rwake rwuchibva paruoko rwangu zvishoma zvishoma iwo moyo wangu uchiita kunge pane tsono yaita kunge iri kuujunga junga. Paive akuda kuregedza maoko angu ndakanzwa kamhepo kelonelines kundibata.

**Hameno chii chakandibata ndakaerekana ndati ,"lucas" ndichimubata ruoko rwake kuti rwusabva pandiri.**

**Akanditarisa ndokubva ati," what next "**

**Ini ndakabva ndati," please stay with me"**

**Iye akabva ati ," babe i cant"**

**Ndakanzwa kusimudzwa pandaive ndirere ndokubva ndatarisana naLucas mumaziso. Panguva iyi taive tiri pedyo napedyo zvekuti taitambidzana mweya wekufema.**

**Vavakidzani vaive pamba apa asi ini handina kuzviisa mumusoro. Pfungwa dzangu dzaive dzakaperera pana lucas.**

**Ndakatanga kuswededza miromo dzangu pane dzake ndokubvva nda.....**

**BABA BIANCA**

**Ndakatanga kubvunda kunge tsanga iri mumvura ndakatarisa chibhuku ichi. Chaive chakanyorwa kuti Bianca Diary. Ndakabva ndati go-o  zvangu pamubhedha waMagret ndichipenèngura mapage aya. Ndakabva ndaona pakanzi," place to visit this holiday." Ndakaverenga zita iri raive rakanyorwa kuti," Bangazani dam". Ndakada kufunga nezvedamu iri asi handina kuziva. Ndiri pakati pefunga**

**pakabva pauya vision yaGodobori vachitaura," muzukuru panepawakaresva. Ndakakuudza kuti ugone kuva neupfumi usingaperi mwana wako anofanirwa kuramba ari virgin.Zuva raanoita mwana zvoreva kuti upfumi hwako hwese uchaparara". Zvino ndaive ndasara ne3 months kuti ndiite rombe. Ndaifanirwakuita zvinhu zvinoita kuti nhumbu yaBianca isabarwe.  Ko  ndiani aizogona kundibatsira kuti**

**mwana uyu agare akatakura nhumbu isabarwe. Iyi yakava home work yangu ndoga. "Baba Bianca , Baba Bianca", kusheedzera uku kwakanzwika munzeve dzangu. Ndakamboita kunge ndaive ndisingazvinzwi nekuti panguva iyi pfungwa dzangu dzaikwata kunge mapwa arimupoto .Ndakazoerekana ndati ,"heeh heeh" kunge munhu arikubva kuhope.**

**"Ko chii nhai murume wangu", akadero mudzimai wangu achindibvunza. Handina kana kukwanisa kutaura asi ndakabva ndanongedzera zita raive rakanyorwa pabook kuti," Bangazani Dam"**

**Mukadzi mukuri akati kamhere kwetsu kuchema achiumburuka pasi. Manzwi aingotaura kuti ," Bianca zai regondo kufa here nhai imi"**

**Mashoko ekuti kufa akabva atanga kuunza pfungwa imwe yakada kundibatsira panhaurwa yangu asi kuti ndaive ndisina umbowo wakazara.**

**"Tarirai mhani Baba Bianca usararire nezamu mukanwa kana Bianca akafa asati abara mwana zvoreva kuti unenge wabudirira nekuti chinodiwa chete kuti munhu asabva uvirgin chete. Iwe hauzvioni here nhai murume? Ini ndinoona sezvinoita Bianca anofana kufa akazvitakura**

**kudero? Dambudziko ringatokunetsa kuti unomuwana kupi kuti ugone kumuuraya", iyi yaive imwe pfungwa yaitaura mupfungwa dzangu.**

**"No ,murume nyaya iripo kuti iwe usamuuraya maybe zvinhu zvako zvinogona kuzonetsa asi kuti unofanirwa kuenda kunanga**

**yobva yamusunga kuti nhumbu isazvarwe chete asi zvinenge zvichida aripedyo newe? ", iyi yaive imwe pfungwa yaitaura zvakare mandiri.**

**"Daddy chii chanetsa ? Ko hamukwanisewo here kundibatsira kunyaradza amai",**

**uyo aive Magret akandivhundutsa izvo zvakaita kuti ndimbomira kuzvitongesa nepfungwa dzangu.**

**Ndakasimuka ndokubva ndamutsa mai Bianca ndokubva ndavatarisa mumaziso vachipwinyaira misodzi .**

**Ndakaita sendinoda kupukuta misodzi pamatama ndokubva ndavaregedzera zenya rembama. Mukadzi mukuru akabva anyarara kuchema asi mukati waiona kuti munhu aida kukwetsura zimhere asi aizodii iye aive asimudzirwa gwati rembama.**

"Usaite kunge seunopenga kushurudzira mwana wangu rufu. Kudai kusiri kupusa kwako Bianca angadai asina kuita nhumbu", ndakadero kuna Mai Bianca. Ndakabva ndati kwaku ndokubva ndananga kumota ndokubva ndakanda nhando ndakananga kumota...

# CHAPTER 10

## *BABA BIANCA*

"Usaite kunge seunopenga kushurudzira mwana wangu

**rufu. Kudai kusiri kupusa kwako Bianca angadai asina kuita nhumbu", ndakadero kuna Mai Bianca. Ndakabva ndati kwaku ndokubva ndakanda nhando ndakananga kumota...**

**Pandakada kuvhura gonhi ndakanzwa simba rangu kupera mushure mekunge inzwi reķuti," Bangazani Dam " radzokera**

**mupfungwa dzangu. Ndakagara pasi ndakapfunya chisero. Moyo wakabva wanditaudza kuti," mudzimu dzakupa chironda dzati nhunzi dzikudye. " Ndakazvirova nechibhakera musoro izvo zvakaoneka nemudzimai naMagret vaive vakanditarira. Ndakanzwa musoro wangu kutsemuka zvekuti ndaive ndisingachagoni kana kuona zvakanaka. Ndakatanga kurova pasi nechibhakera nehasha.**

**Moyo wangu ndiwo waingotaura kuti ," why Bianca ,Why Bianca."**

**Pasina nguva ndakazoona mudzimai naMagret vasvika vobva vatanga kupfugama pandiri vachindinyaradza. Kutaura kwavaita uku kwaitowedzera kudzimbikana kwemoyo wangu zvikuru. Chinhu chaive chakundidzimba moyo**

**yaive isiri nyaya yekuti mashoko avaitaura asi kuti," ndoita sei kuti Bianca asazvara mwana ". "Chii chaizokwanisa kumisa nhumbu yaBianca kuti isazvarwe",mubvunzo uyu wakaita kubika mapapu angu kusara aibva kuti mokoto chaiko. Ndakazvidemba kuti nei ndaive ndakatanga musindo wakadai zvino ndaizoupedza nei?. Zvoreva here kuti ndiko kwaiva kuguma kwemafaro? Zvoreva here kuti rukudzo rwandaipiwa**

**neguta rose rwaive rwapera? Zvoreva here kuti ndaizove tsuro yemubook? Zvoreva here kuti ndiani azondiona semunhu kuchurch kana vachinge vaziva kuti upfumi hwangu hwaive hwekuromba. Zvino zvazvadai zvaizoperera chete paupfumi here kana kuti zvaizotora upenyu hwangu?**

**Misodzi yakaita jakwacha mumaziso ndikabvva ndatanga kuzhamba seruchecheche. Mudzimai ndiye akazondinyengetedza ndokubvva ndapinda mumba mangu mekurara.**

**Ndakabatwa nezvihope kwechinguva ndokubvva**

ndarota," Bianca achiuya pandiri akasvika ndokubva agara pamakumbo pangu. Ndakabva ndatanga kupuruzvira bvudzi rake ndichimuvaraidza. Ndakaona kuti tsvarakadenga yangu yavaraidzika parizvino. Ndakatanga kumudzvinya huro asi chinhu chakandishamisa mimwe dzangu dzaive dzine nzwara dzakareba uye dzakapinza zvekuti ndakaona dzichinyatsokupinda mukati kati yehuro yaBianca. Ropa raBianca

**rakabva ratanga kupfachukira ndokubva ndatanga kurinatira. Ropa iri raivava zvikuru kunge ndainwa poison mushure meizvozvo ndakatanga kupera simba. Bianca akabva abuda achitiza. Paive akusvika pagonhi akatanga kupera simba ndokubva agara pasi akabata nhumbu yake yaive yakura zvekuda kuzvara. Ndakaona avhura makumbo kuti dhazharara....."**

**"Baba Bianca  chii?,"  uyo aive mudzimai aindimutsa kubva kutsi kwehope izvo zvakaita kuti ndipatike ndichifemera padera.**

**"Bad dreams my wife, varoyi varikuda kundiuraya", ndakadero ndichifemera padera kunge dhakisi.**

**" Jesu idombo , jesu idombo ,jesu idombo narini", iyi yaive chorus yandakanzwa ichiimbiwa panze. Ndakanetsekana kuti chii chaitora nzvimbo.  Mudzimai akati kwara kwatu achimhanya kundovhura goni. Ini ndakateverawo ndokubva ndati**

**dzii mudining. Varume ava vakapinda mumba. Vaive vakapfeka masutu eblack.**

**"Makadii mai Bianca naBaba Bianca tineurombo kuti tauya pamba penyu zvisina notice asi**

**nyaya yatafambira pano manzwira nzwira ekuti Bianca asikuwanikwa saka taona kuti seZAOGA church zvakanaka kuti tikuitirei munamato sezvo Magret na mai Bianca tinobata navo", ndakamboti dhuu zvishoma ndichidzamisa pfungwa. Ini ndinonamata church yekwa Mwazha zvino mudzima wangu aipinda zaoga chirudzii? "Hoo hazvina mhaka regai vaite zvavo zvavavinga.", ndakadero**

**Vakaenderera mberi nekunyengetera zvavo ndokubva vazoti," Bianca she is alive but mwari vati kuti adzoke kumba zvichanetsa"**

**Ndakarohwa nehana pandakanzwa mashoko aya. Zvinhu izvi zvakaonekesa kuti mavhundukire angu andaive ndaita anekaturikwa mukati. Ndakazovhara mibvunzo hobho nekuchema.**

**"Baba  Bianca mwari vandiratidza gomba pamuri mushure mekunge Bianca abatsirwa nemwana mukomana", akadero mufundisi uyu izvo zvakaita kuti hasha dzangu kuti dzikwire. Zvoreva here kuti ndakutofumurwa ndakasvinura sedemba pamba pangu. Izvi hazviitike pamba pangu ndinopika nababa vangu panofa munhu chete.**

**"Fake mufundusi", ndakadero ndichimupa chamatsenga nzungu chebutsu mukanwa. Ndakamugarira ndokubva ndamundonyera chibhakera mukanwa . Mushure meizvozvo ndakatanga kubatwa nevamwe varume vaive vabva namufundisi.**

**"Ndiwe ani unondiudza zvekufa kwangu. Uri mwari here kana uri satani. Ndimi vafundisi venhema ,kana zvirizvo pano muchakaura", ndakadero ndichipinda mumba kundotora chipfuti changu. Vafundisi vakabuda vari bara mumba . Ndakamira zvangu pavharanda**

**ndokubva ndatinya remote. Gedhi rakavhara . Ndakaseka zvangu ndichiona vafundisi avo vachikahadzikana vakanditarisa ndichiendako ndakavanongedzera chipfuti.........**

**JULIAN**

**Ndakazvinyararira zvekuti idzo pfungwa dzaita kupisana mumusoro. "No noo nooo noo" , iyi yakava pfungwa yakadzokorora kundidya mumoyo mangu. Ndainyatsoona firimu ra Tilda na C.EO ava vachiita kudya nyika rutivi. Ndakanyatsoona kuti izvozvi ndapa C.E.O ava machikichori chaiwo . Tilda pabonde aigona zvake zvino zvaive akupakurira**

**umwe munhu zvairevei muupenyu hwangu. Ndakarova musoro wangu pamwe chete nekuzvituka. Ndakabuda ndiri bara mumba ndokubva ndahire tax. Mota yakabururuka kunge ndege . Ndakaburuka ndokubva ndananga paChrismas pass hotel. Ndakasvika kuvhura goni zvinesimba ndokubva rati bheu. "Thank God it looks like vaive vakanganwa kukiya", ndakadero ndakatarisana nezvandaiona**

mumaziso angu zvandakatadza kunzwisisa chero neni.

## BIANCA

Ndakatanga kuswededza miromo dzangu pana Tseremu. Ndakaita sekunge ndichanyura muvhu nekunyara. Zvaakandiita

**Tseremu ndaive ndisingazvifungire . Akandisundidzira kure uko zvekuti ndakasara ndakati tuzu kunge chizombie. Aive ashorei pandiri panemunhu aiti kana akafamba anosiya varume vose vachimedzera mate. Ndakabva ndati but," Tseremu  you saved my life and you deserve me"**

**Akabva ati ;"past is past and i never asked for a favour in return"**

**" But Tseremu cant you get it", ndakadero ndichida kuti andinzwisisewo kurwadza kwemoyo wangu.**

**"Oky beautiful it looks like une new staff let me try to understand by doing this", akadero Tseremu achibuditsa bhero rembatya randaive ndabva kundo order ,panze.**

**"Vabereki nevaberekesi tinokutendai kuti mauya pano mushure manzwa bad news but now its good news . The pregnant girl she is alive. Ini zvangu Tseremu munondiziva kuti ndirimupengo uye ndiri murombo but i have the heart of helping others . Imi makasimba hamupengi saka munofanirwa kundi darikawo.  Regai ndiitewo zvandinogona kubatsira vamwe imi mugozoitawo zvamunogona kubatsira vamwe.**

**Akatanga kuriďza nziyo yemushakabva Souljah love," pamamhonya ipapo". Mukomana akatanga kutamba maclarks zvekuti waiona musana wakagonya kunge kamhuka kaye kanonzi kangaroo achita kutsikira beat. Vanhu vose vaiva apa vakatanga kuseka**

**vachinakirwa nechipo chaive chiri paari. Mushure meizvozvo akazoridzawo nziyo yaSouljah love iyo yekuti ,"dai upenyu waitengwa ndaitenga wamai vangu." Vanhu vakatanga kurwadziwa neupenyu hwa Tseremu uyo aizivikanwa nezita rake rekubarwa lucas. Nziyo iyi nenhorondo yaTseremu zvaifambidzana zvikuru sezvo kufa kwakaita maivaTseremu kwakabata bata vazhinji. Mukadzi uyu akafa mushure mwana wake**

**apedza kuita degree rake reulaywer kubudikidza agwidzana nevarume vaiti vanoda kutora Tseremu .**

**Akazotanga kutamba dance yake iyo yainzi Tseremu yaizivikanwa nayo nevazhinji. Munhu akafara kunge aive achiona live band. Akabva azoita slow motion yeTseremu dance yake izvo**

zvakaita kuti vanhu vakandire mari paground. Achipedza kudero akabva ati," ndinotenda vabereki uku ndiko kubatsira kwandinogona kuita semunhu anopenga. Zvino chibatsiraiwo pregnant girl nekutenga mbatya dzake. Mumwe murume aizviita business man anemota yaityisa aive ashanya munharaunda iyi akauyawo anzwa mhere akabva ati ini ndichatenga bhero iri ne1000 us dollar. Akabvisa mari achipa Tseremu. Achibva atora

**bhero riye ndokubva arivhura ndokubva ati ,"umwe neumwe ngawane chanobata mubhero iri.**

**Akabva asimudza mota yake ndokubva aenda nehama dzake. Vanhu vakagovana hembe dziya ndokubva vaenda.**

**Tseremu akatora mari yose yaive apiwa nevanhu kusanganisira iye yaive apiwa 1000 us dollar ndokubva apinda mumba mandaive ndiri ndichisvimha misodzi. Akasvika ndokubvisa misodzi yangu pamatama ndokubva andipa mari yose. Tseremu akatakura karadio kake nemike yake iro ziya richierera nekunyorovesa nhumbi dzake. Ndakakabva ndati kwaku ndokubva ndandomira pagoni**

**ndakatarisa Tseremu ndokubva ndati," hakuna kwaunoenda"**

## CHAPTER 11

## *BIANCA*

Ndakabva ndati kwaku ndokubva ndamira pagoni ndakatarisa Tseremu. Muromo wangu wakaerekana wasvipa manzwi ekuti," hakuna kwaunoenda"

**Tseremu akabva ati," Bianca ndokwazvasvika here?"**

**Achitarisa zvake kudivi zviye zvinoita munhu anenge abhowekana mushure mekunge anyimwa chaanoda. Mubvunzo wake wakada kumbondirovesa nehana asi semunhu aida**

**Tseremu ndakasvishingisa moyo .**

**Ndakabva ndati,"Lucas kukuudza  chokwadi.."**

**Tseremu akabva ati ," stop it ! idambudziko here kukuitira moyo chena nhai Bianca?"**

**Ndakabva ndaisa gunwe pamiromo yake ndokubva ndati," real man will not raise voice over a woman"**

**Mwana wevanhu akabva anyarara ndokubva aratidza kuteerera kunge mombe yakabviswa maballs**

**Ndakaenderera mberi ndichiti," but u know lucas you are single and you deserve to have a decent wife like me"**

**Iye akabva ati," handide kutaura zvizhinji kudai isiri nhumbu yawakatakura ndaisafa**

**ndakakubatsira kana kukunyurura mudam. Everything i did its not for you but for the child"**

**Ini ndakabva ndati," ndiudze kuti uri murume here kana uri ngochani. Varume vazhinji vanovenga vana vasiri vavo.**

**Zvino iwe unoda mwana wausingazivi kuti akabvepi ndiwe wakamuisamo here?"**

**Iye akabva ati," i dont care but am attached to this soul. Mwana hapana chaanoziva handi imi maita zvinhu muchiti murikunakigwa rimwe rutivi musikuziva kuti muzvara**

**chipenyu. I need to thank you kuti after warambwa nemukomana wako hauna kuda kuuraya mwana"**

**Mashoko aya akaita kundidzimba chaiko zvekuti ndakatoerekana maziso akuteura misodzi. Ndakabva ndatofunga kuti maonero aita Tseremu ndiwo**

**mafungiro aita vakomana vose. Muviri wangu wakatanga kudikitira ndichikakama kuda kuburitsa manzwi. Ndakazoerekana ndati," Lucas its a long story"**

**Inzwi reminduro yake yakanzwika kundengendera imba yose zvekuti ndakanzwa maungira munzeve dzangu.**

**Ndaive ndakutoona dzungu izvo zvakaita kuti ndidonhe nemusana. Ndakazoerekana ndagamiwa na Tseremu ndokubva ati ,"dont do that you will hurt the baby" . Panguva yaitaura izvi aive akatonditseya nebvi rake zidumbu rakati dhugu mudenga izvo zvidya zvichioneka zvese zekuti ndaive ndatoshama.**

**Tseremu akanditarisa mumaziso kwechinguva ndokuona achifemeruka. Ini ndakatomutarisawo neziso rewhite zvekuti kubuda muyedzo kwainetsa asi kana aive abuda ndaitoziva kuti haasi murume. Ndakaona chishort chake chati dhugu kufuta ndikabva ndaziva kuti ndaive ndadenha zvirere . Akabva ati but ," Bianca noo nooo nooo you**

**cant do this to me please please" . Misodzi yakatanga kuerera zviiye zvekuti ndakambotomunzwira tsitsi nekuti ndaive ndichitoita karape kwaari nekuti aive asingadi pachokwadi......**

**Akazondisimudza ndokubva andiradzikidza pamubhedha takakaramba takatarisa kwechinguva. Ndakabva ndamubata musoro wake ndichibva ndaita kusimudzira musoro wangu ndichinananavira kutsvoda malips ake. Ndakashamisika ndichiona mutumba weshato wakaita shuru pasi pemubedha. Ndaka screamer nekutya zvikuru. Shata iyi yakabva yatanga kurwisana naTseremu. Chinhu**

chaishamisa kuti kurwiswa kwaitwa shato iyi ndiko kukura kwayaita. Tseremu akazobudirira kuvhura  gonhi ndokubva ada kutiza asi ndakaona moyo wake uchimurambira. Akandibata ruoko obva ati," Bianca run away to save the baby".  Shoko rekuti baby rakaramba richitaura munzeve dzangu zvekuti ndakabva ndabuda kunze ndichiita kusundidzirwa na Tseremu .  Ndakasvika kudonha izvo zvakaita kuti Tseremu

**avarairwe achiti," wake up Bianca be a strong woman run run ". Ndakamuka ndokubva ndaona Tseremu atomonwa mudumbu mose nezishato iri. Rakatanga kumusveta richimupinza mudumbu maro.**

**Ndakamutarisa moyo uchiita kudududza idzo misodzi dzizere**

**pamatama. "Tseremu wangu is gone oooh my God what a kind of world am living "**

**JULIAN**

**"Thank God it looks like vaive vakanganwa kukiya", ndakadero ndakatarisana nezvandaiona**

**mumaziso angu zvandakatadza kunzwisisa chero neni. Ndakazvidemba kuti neniwo kupusa here kubva ndatevera vanhu vandabvumidza kuti varare vose. Asi imwe pfungwa yakati,"ko waizodii nekuti pane padzaizobata  here hope uchiziva kuti Tilda na C.E.O varikurara vose. Waita zvakanaka iwe kutoona zvichiitika zvitori nani pane kufungira"**

**Imwe pfungwa ikati ," haaah uku ndiko kujairirwa chaiko uku. Pasi pezuva rino hazvisati zvamboitika izvi ungabva warega mukadzi wako achipa mumwe murume bonde wakatarira. "**

**Pfungwa yetatu ndiyo yakati," but sha onazve uyu mukana**

**hauye kaviri . Mudzimu hadzipe kaviri shandisa mukana uyu uite mari. Kana wane mari ndiyani achaziva kuti mukadzi wako akarara naboss. Mari haitaure kuti yabvepi kana yakutenga muchitoro rega munhu arariwe. Uye ndiudze kuti ndiwe wararwa here kana kuti ndiye. Kudai wanga utori umwe wavhara door watobuda iwe?**

**Ndakaita nguva ndichizvitongesa nepfungwa idzi asi ndakazoona zviri nani kuti nditore pfungwa yekuti...........**

**BABA BIANCA**

**Gedhi  rakavhara . Ndakaseka zvangu ndichiona vafundisi avo vachikahadzikana vakanditarisa ndichiendako ndakavanongedzera chipfuti....**

**" Asi kana tikadero tinogona kubudirira aaah baba Bianca zvinhu zviduku izvi isu**

**tinemasimba amwe anoshamisa mhani imi", akadero mufundisi ndichimutambidza zvitsama nezvitsama zvemari.**

**Ndakabva ndati," mundiregerere nezvandamboita pashure"**

**Iye akabva ati ," zvatopera zviye asi pamagona ndipo paye pamati vamwe vangu va...."**

**Haana kuzopedza mudzimai wangu aive akutoti ," mufundisi hamuna kunyanya kukuvara here?"**

**Ndakaita sekuti ndapindwa nechando nekutya. Ndaive ndisingazivi kuti nyaya dzedu dzaive dzanzwika here navadzimai. Kana dzichinge dzanzwika kutaura kuti ndaive ndazvisikira moto muziso.**

**Ndakazo kotsora ndokubva ndati ," nhai vadzimai ndakati kudii**

**nenyaya yenyu yekuita kunge muri bete pamba pano"**

**Vadzimai vakati ko kubvunza kuti," mufundisi hamuna kuvara here yatove nyaya here?"**

**"Mai mwana kuchikoro wakambonyora rondedzero ", ndakabvunza.**

**"Pane munhu asingazive rondedzero here?" ,vakapindura vadzimai. Chinzwai mai mwana pane musoro wenyaya parondedzero wainofanirwa kunyora nyaya zvichienderana**

**saka ini handide munhu anosiya musoro wenyaya achihumana kunge chigunduru. Ko chii nhai nhewe uye ndiudze kuti asi urikundicheater here namufundisi ava ubve watora mabag ako ubve wabuda navo izvozvi?**

**Pandakataura manzwi aya ndakaona vaviri ava vavhura maziso zvairatidzika kushamisika. Mudzimai ndiye akazoti ,"baba vemwana munondidarireiko"**

**Ndakabva ndati,"Ndiudze kuti waitei pamadziro chii chawaiteerera"**

**Mudzimai akapindura kuti," iii baba vevana inga ndaive kuseri kwemba kugadern wani ndichitototanha mavegatables ekuti ndiise muusavi."**

**"Sorry mudzimai zviriko kuti baba vanomhanya" , mangwana musazoudza vanhu kuti ndakarova mufundisi handi ?**

**Nadakadero ndakuita matanda nyadzi zvangu mushure**

**mekunge ndawana zvandaitsvaga.**

**"Saka mufundisi chii chinodiwa zviya panyaya dzedu dziye tibve taita zvedu chimbi chimbi", ndakabvunza zvangu.**

**Mushure mekunge tasara toga zvedu mudzimai atobuda akati fundumwa kutsamwa**

**Mufundisi vakandiuza zvose ndokubva ndanyahwaira zvangu ndakananga ku..........**

**MAGRET**

**Ndakaona murume mukuru achiita kunyahwara achipinda muroom raBianca. Moyo wangu wakanyumwa kuti murume uyu aisada kuoneka nemudzimai wake  kuti pane zvaironga. Panguva iyi ndaida kubuda**

**mushower kuti ndiende kuroom kwangu asi mushure mekunge ndaona izvi ndakabva ndavhara door.  Pakapfuura murume uyu ndakabva ndanyahwairawo ndichitsika matiles nezvigunwe. Ndakavhura goni rangu ndokubva ndapinda mumba. Ndakazonzwa kuvharwa kwegoni ndikaziva kuti rume iri rabuda. Ndakavhurawo rangu ndokubva ndatarisa rume iri richienda kuna Mufundisi asi raive rakabata**

**zvimwe zvinhu zvakandikatyamadza.**

**Ndakasara zvangu ndokubva ndati dhuuu .. Pfungwa dzakandidya kuti chii chaive chaita kuti mufundisi na Baba Bianca vanzwane mushure mekunge vamboita gonzo nekiti . Ndakatanga zvangu kuita basa rangu repamba semazuva ose. Kwaive kwakutodoka pandakaona chimwe chinhu**

**chakandishamisa mumba maBianca. Ndakashaya kuti ndozviudza ani zvandaive ndaona izvi . Chinhu chandakakwanisa kuita ku.....**

**Zuva rakavira baba Bianca vakadzoka ndokubva vagara mumota kwenguva refu. Mudzimai wavo akazama kuvanyegererera kuti vapinde**

**mumba asi vaiti ndirikunzwa kuda kugara mumota. Vaiti vakabatikana pamusoro pekushaikwa kwemwana wavo. Takasvika kurara ndokubva ndazopeputswa nendangariro dzekuda kufonera amai vangu. Ndakatsvaga foni ndikaishaya. Munguva shoma ndakabva ndakazofunga kuti ndaive ndaisiya kuroom kwai gara Julian pandai cleaner. Ndakabva ndapinda mudining ndichida kubuda kunze kuenda room**

**raJuliam. Pfungwa dzangu dzaindiudza kuti gonhi ravharwa sezvavanoita mazuva ose kana kuchinge kwadoka. Ndakabata gonhi riya ndichiedza ndokubva ravhurika.. Ndati fambei chinhambwe ndakabva ndashamisika chiona munhu asina ku...........**

# CHAPTER 12□▒♀

# MAGRET

**Ndati fambei chinhambwe ndakabva ndashamisika ndi chiona munhu asina kupfeka. Zidumbu raive rakati rapwata richiita kunge ririkuda kudonhera pasi. Chiutsi ndicho chaita kupfungaira chichioneka kuti togo mudenga.   Ruoko rwemunhu uyu rwuchiita kudonhedzera twunhu twaive twakaita upfu mumazimbe aive**

**muchimwe chindiro chaive chakati tende pasi.**

**Ndakavhara maziso kwechinguva chipfupi kubudikidza nekutya nekuti chindiro chaive nemazimbe emoto chakatanga kuchinja kuita zishato. Rume iri rakabva rarara pasi. Shato iya yakabva yatanga kufamba pamusoro pezirume iri**

ichiita kusvipa twumate. Moyo wakamboda kuti ,"regai nditize asi ndakabva ndatoshinga ndikati regai ndirambe ndakati kwati kwati nemadziro emba yaigara Julian ndichinyatsokuona mashiripiti emurume uyu kuti  aigumira kupi?"

**"Mukadzi wake anozviziva here kuti murume wake ndozvaanoita izvi.? Magret unofanirwa kuudza Mai Bianca mhani dzimwe nguva havazive zvirikuitwa nemurume wavo? Magret siyana nazvo dzimwe nguva varivese muurombwa uyu ukasara wakagara pamhene?. Nyatso kufunga mhani Magret iwe haunzvioni here kuti madiro anoita mudhara uyu mwana wake angadei anechekuita nenhumbu? Noo mhani ko**

**aizorwadziwa here paakanzwa kuti Bianca anenhumbu.  Kuti shato  iyi ndiyo yairara naBianca here  kuti vaite mari? .  Magret vaudze chete mai Bianca ?", idzi dzaive pfungwa dzaigwisana muzidzoro rangu.**

**Ndakazotarira ndokubvva ndaona baba Bianca vasvetwa neshato**

**iye ndakabva ndatya manzwa here?. Ndakatozvitongesa ndichiti ,"baba Bianca vatofa here?" Zishato riye rakatanga kuzvongonyoka richienda kumai house. Ndakambotsokota maziso angu ndichida kunzwa kuti ndiri mupenyu heŕe kana kuti ndava kupenga. Ndakati maybe ndabatwa nemweya yerìma irikundionetsa zvinhu zvekunyepa.**

**Ndakabva ndatora phone yangu ndokubva ndadzokera mumba.**

**"Yowe mai wee . Zvirikunaka mhani. Tsemura chinhu ichi ,chitsemure mhani kusvika kumagumo. Wedzera kani**

**wedzera kani zvirikutapira kupfuura tsambo. Ndodii nhai imi . Ndoibatira papi kani chinokoro musoro wegudo yuwii yuwiii yuwiiii" , kuchemerera uku kwaita kubuda mumba mamaiBianca zvekuti ndakatadza kunzwisisa. Moyo wangu wakatondiudza kuti ," zvandaona zvichiitwa na baba Bianca kunze uko kwaive kurota. Ndakambozvitsunya nzeve ndichida kuona kuti ndirimupenyu here rumwe rutivi**

**ndichinetsekana kuti chii chaitora nzvimbo paupenyu hwangu..**

**"Nezidumbu rinaBaba Bianca riye vanogona bonde zveķudaro? Vagoni zvavo vakaroorwa havarari mudzimba nekuzipiwa?. Ukaona chembere kubonda kudero inenge**

yanyatso kupondiwa nekupedzerwa zvisupu zvese mugaba.", idzi dzaive pfungwa dzangu dzaizvitongesa ndichiita kunanzvira rurimi iko kuzasi kwangu kuchiita kuvhuta kunge kwaiswa mhiripiri.

Ndakapinda mumba mangu ndokubva ndatarira foto rangu

**naJulian. Ndakazoerekana ndatonyorovesa nduwe.**

**"Ndanguri ndagogodza ñei usikuvhura", ndakati kwaku pamubhedha ndichinzwa inzwi iri ndokubva ndatanga kupukuta maziso.  Ndakatoona kuti kwaive kwatoedza." Magret vhura mhani vhura mhani", inzwi iri**

rakanzwika futi", ndakamhanya kundovhura goni.

"Mama Bianca chiii ,? masangana nei? , ko nei ropa rakazara kwamuri kubva? Marohwa here nemurume ? ", ndakava bvunza mubvunzo dzakawanda dzisina mhinduro.

**"Mwanangu Magret...." ,havana kuzopedza kupinduŕa vaive vatozvambuka pafloor.**

**"Noo mama you cant do this to me . Please ndirimucheche kuona zvakadai ? Mama**

ndakakakutadzirei kubva mafunga kuoneka pamberi pangu?. Ndozviudza ani? Mama kani......", ndakadero ndichiphakanyisa mutumbi wamai Bianca.

## JULIAN

**Ndakaita nguva ndichizvitongesa nepfungwa idzi asi ndakazoona zviri nani kuti nditore pfungwa yekuti ndimhanye. Ndakabva ndabata  Tilda ndichimumutsa. Ndakatarisana naye mumaziso ndokubva ndamuudza kuti," am sorry mý love"**

**Haana kupindura asi akabva aburitsa misodzi. Rume riye**

**rakabva randitarisa nedziso tsvuku. Rakatanga kupfeka nduwe yaro. Ndokubva rabata muchiuno richidzungudza musoro.**

**Ini ndakatarira mudenga ndichiremerwa nepfungwa panguva yaigadzira Tilda skirt yake. Ndakavhura goni ndokubva rume iri rati ," Please**

**search everything before you leave"**

**Ndakanzwa hasha zvekuti ndakatarira tarira kuti hapana chasara here. Iko kusiri kupusa kwangu ndaitarirei nekuti handisi ndaive ndauya kuzoitwa bonde.**

**Ndakabva ndati," hapana"**

**C.E.O ava vakabva vati,"  your eyes are big but they cant see"**

**Ndakanetsekana kuti chandaive ndatadza kuona apa chii? Ndakazoona akunditambidza chikwama chaive chiduku duku.**

**Ini ndakabva ndati " Mr you are now inviting a war after...."**

**Akabva  atopindura achiti," What.!!!... i didnt force both of you,it was our agreement"**

**Ndakanzwa hasha ndokubva ndaenda kwaari ndokubva**

**ndamutarira neukasha. Tilda akaona kuti pashata ndokubva abvuta.....**

**BABA BIANCA**

**"Jesu idombo jesu idombo jesu idombo narini narini jesu idombo kusvikira narini. Ndomurumbidza ndomurumbidza ndomurumbidza narini narini ndomurumbidza kusvikira narini", ndini zvangu ndainakirwa nekanziyo kedzikinuro yeupenyu hwangu ndakaita kuguguchira mazichampaigne muruoko rwangu iwo maslayqueen akaita kundimomotera ndichishaya kuti ndobata ani. Kanziyo kangu aka kakazobvumirwa nevakadzi ava**

**zvakaita kuti ndinzwe moyo wangu uchienda kudenga. Ndaitonzwa kuti ndasvika pachinhambo chekutaura nendimi.**

**"Hey girls this is my turn yekutambawo na Daddy B.", chakadero chimwana ichi chaive chinemakore 15 ekuberekwa asi**

**kuti zvachaive chakasenga waifunga kuti chimunhu chikuru. Chaive chàkaita zvekuputika nemagadziko zvekuti chikakuzunzira rimwe chete wainzwa kuti ndichiri jaya. Chakauya pandiri ndokuba chati ndii nenhengo yangu ndokubva chamira kuti twii chichibva chatora maoko angu ndokubva chamabatisa pazamu racho. Chakatanga kutambisa gadziko rimwe chete ndichinyatso kunzwa nhengo yangu**

ichizunguzwa muburugwa. Chakazoisiya yati twiii kunge zvinoita yemutambi webhora anonzi Mbappe uyo anomisa chimuti  pose paanopfeka uniform yake yebhora achipinda munhandare

Chakandireģedza vanhu vose vakabva  vati," Baba B , Baba B. "  vakatanga kuchinjana

**vachibata nhengo yangu vachiimba  kuti," idombo ,idombo"**

**Ndakabva ndati ," hey ladies bring mufundisi mudariro"**

**Pasina nguva vaive vatounganira mufundisi vachiita kuvarezva nekubata bhurungwa ravo. Ndakaona mufundisi vakushinyira. Izvo zvakaita kuti vasikana ava vatange kuti ,"mufundisi idombo". Ndakavhura chimonarch chemari ndokubva ndatanga kurasira mumusoro mamufundisi. Vakadzi vakati ndiko kwatakadanwa tikanzwa.**

**"Dj stop the music", mashoko aya akanzwika kudaidzira.**

**vanhu vakakadzikana vachinetsekana kuti ndiyani aive amisa mafaŕo.**

**"Nhai mufundisi murikuitei muno . Ndizvo zvamunotidzidzisa here kuZAOGA. I thought kuti munotaura namwari asi", akadero manager weTarven iyi.**

**Ini ndakabva ndati ,"Bastard" ndichimunongedzera pfuti.**

**Vanhu vose vakabva vabuda vachitiza.**

**"You dont need to kill another human blood. This day you need to ceĺebrate namufundisi sezvo wakunda mhiko yethree months your wealth will mutiply billion times", pfungwa iyi yakataura munzeve dzangu ndokubva ndaregedza kunhongedza pfuti kuna manager ava.**

**Foni yakapinza message ndokubva ndatarira. Yaive yakanyorwa kuti ," Mai bianca va......."**

# BIANCA

**Ooh Tseremu wangu is gone ," what a kind of world am living"**

"Bianca Bianca simuka undoudza Landlord", yakadero pfungwa iyi . Ndakabva ndabvumirano nayo. Ndakati kwaku ndokubva ndamhanya kuroom kwavo. "Mama mama shato mumba",  ndakadero. Mama vakabva vati," Bianca nhumbu yavakukupengesa here? Ndakabva ndati,"

No amai ndirikurevesa zveshuwa shato ndaiona nemaziso angu aya maviri ", ndakapindura. Vakabva vapindura kuti," Tibvirei

**apo zvakatangira pakusaona pagere rudo uchivhurira ana Tseremu makumbo izvozvi watakura nhumbu yerombe. Gore riya wakadii pandakuudza nezvaTseremu wakadonha handi?". Ndikamhanya kutsvaga Tseremu kusvika ndamuona. Nhasi zvakare watanga kuti shato mumba, shato unoiziva here? "**

**Mama kutaura chokwadi,"
Tseremu atomedzwa izvozvi
huyai muzvionere"**

**Mama  na Bianca vakamhanya
vachienda mumba maive
naTseremu.**

**Mama vakati,"Chii
chaunondionesa apa nhai**

pfambi?. Ndakabva ndati,"Mhamha hamuoni here kuti Tseremu akamedzwa neShato. Plesae amai help please ndiye oga munhu andinoda in this world"

Vakabva vati,"Kana ndaive ndisati ndambokurova nhasi ndinoda kukuzendemura gwati"

**Ndakabva ndafunga kuti zvimwe kutamba ndokubva ndati ," zvemanje manje kudhara amai tingatoita dzimwe pfungwa kuti tigone kubatsira Tseremu"**

**"Kudhara uku", vakadero amai ,ndichibva ndatakanga kuzeya ndichindomira nemudhuri kuti ndii.**

**Ndakabva ndabata shaya ndichiyuwira ndokubva ndati," Landlord kundirova ini. Kurova munhu anokupai mari? Ndizvo zvamunoita kuti vanhu vauya kuzogara pamba penyu munorova?", ndakabva ndabvunza.**

**Bianca ," take your things and go rega nditaure nechishona. Handichade kuti ugare pamba pangu  tora zvinhu zvako ubve warova pasi"**

**Ndakabva ndati,"Landlord hamuoni here kuti Tseremu anoda kubatsirwa**

**Murikureva kuti ndotakura shato naTseremu nezvidziyo zvangu here?" .**

**Vakabva vati,"**

**I dont care asi ndirikuda kuona imba yangu isina vharazipi , marabha, kapfupi ,Naiza boom**

**naMai TT pamaminetsi  maviri anotevera.........**

# CHAPTER 13

# BIANCA

**I dont care asi ndirikuda kuona imba yangu isina vharazipi , marabha, kapfupi ,Naiza boom naMai tt pamaminites maviri anotevera.........**

**Muchembere uyu anopenga chete? Muroyi wemunhu kana iri**

**shato yake irikuda kuuraya Tseremu wangu wakaura. Mwari akangopindira ndikasangana naPastor chete ndipo paachaona kuti haana kungwara."**

**"Bianca unopedza nguva yako uchimbeya nesango. Unofunga kuti Pastor unomuwana kupi nezimimimba rako rakadero. Kudai waive uchiri musikana senani. Kudai watobvuma kuti nguva yamwari yakwana pana Tseremu.**

**Hakuna munhu anorarama upenyu hwese asi kuti zuva rekufa rasvika zvinogwadza . Ko iwe ndiwe ungati waizomagona here madhimoni arigioni ari panemukomana uye. Sekufunga kwako munhu akadzidza angazviti Tseremu. Lawyer vangaite chigunduru. Iwe ndipo paunoti waona murume ipapo", idzi dzaive pfungwa dzaigwidzana mumusoro mangu iyo misodzo iri chururu pamatama. Ndaive**

**ndisingakwanisa  kuona nzira zvakanaka kubudikidza nemisodzi idzi. Ndaifamba ndichishaura kuti," ndinotsvagawo pastor asi hapana kana munhu aida kundinzwa. Vanhu vaitonditarira vobva vakwenyana. Mushure mekuwandirwa nendangariro ndakaerekana ndadhumira pamota. Mota iyi handina kana kuiona kana kunzwa kutinhira apa yaibva kumberi kwangu.**

**Ndichiri kukahadzikana kudero," Makabva mabuda murume aive akapfeka sutu yaive yewhite. Zvose zvaive paari yaive white. Mota yacho yaive white. Murume uyu akabva apfungama pandiri. Ndakanzwa kutya zvikuru ndichiona ibvi rake richinyura muvhu. Ndakabata musoro ndisinganzwisise kùti chii chaitora nzvimbo. Ndakadzikama**

**mushure mekunge ndaona bhuku raive rakabatwa nemurume uyu. "Bhaibheri" ndiro inzwi raive rakanyorwa pazibhuku iri. Ndakatanga kufara nechemumoyo. Ndaitoda kusvetuka asi ndaisagona nekuti nhumbu yaive yakura. Chinhu chaindifadza yaive isiri inzwi bible but kuti Tseremu aive ararama.**

**Ndangariro dzangu dzakabva dzadzoka kumashure panguva yandaive naTseremu tiri paDzonzai. Ndakabva ndaona mufananidzo waTseremu uchiti, "Can you help me to drink ", akadero. "No ", ndichiramba zvangu apa moyo wangu waive chipunu. "Let me pour it", akabva adira." This one is for you and this one is for unborn baby", akadero. "You are so funny ", ndakapindura. Akabva**

**ati," Cheers to the unborn baby Bianca" . Panguva iyi takagumanisa macup edu ndokubva tanwa.**

**Ndakaseka zvangu nechemumoyo Tseremu akutodhomoka achiti," Mabhero pano mabhero pano akachipa its like giving you away", Tseremu aive akutotanga kushedzera asati apedza kunwa. Moyo wangu wakabva wati tatopedza**

here nyaya dzedu pakupinzwa mabhero."

Ndichiri mundangariro yangu na Tseremu pastor vakabva vati"Sister what is the problem?", ndakavhundutswa nemubvunzo waPastor ava. Ndakatanga kuzvitongesa kuti ndaive ndakakwana here zvekutovarairwa ndichifunga Tseremu pamberi paPastor.

**Ndakapindura kuti"Sorry pastor", ndakadero ndichizvitongesa . Ndakabva ndati," pastor please help ," my husband Tseremu amedzwa neshato i think chivanhu chète. How come kuti shato inoonekwa muroom inematiles?"**

**Pastor vakabva vati ," cry nomore my daugher matambudziko ako apera kubva nhasi. You will be blessed"**

**Ini ndakabva ndati ," pamunenge makumunyengetera Tseremu itai kuti moyo wake unyatsondida pastor. Kana zvinhu zvangu zvikaita ndomupawo 1000 us dollar"**

**Pastor vakabva vati," no money in  the word of god. God chose you and put pregnant in a virgin. Let me be  the first one to touch the belly."**

**Ndakabva ndati," how do you know am a pregnant  virgin?"**

**Ivo vakati," there is no secret to God"**

**Ndakabva ndati," pastor lets hurry and tell Tseremu this good news"**

**Ndakapinda mumota ndokubva ndagara. Mota yakatanga kutinhira. Maive muchingoimbwa**

**nziyo dzechitendero nevamwe varume vaviri nemùsikana umwe chete.**

**Ndakabva ndati," Pastor i think you missed the way......"**

**Ndakabva ndanzi ," shut up ndakanongedzerwa chipfuti......"**

**MAGRET**

**Ndakadero ndichiphakanyisa mutumbi wa Mai Bianca.**

**Huta yakarira kugedhi ndikabva ndamanya kunze. Ndakatinya remote zvekukurumidza. Mota yakapinda ichimhanya zvekuti payakamira yakasiya paduku pekuda kudhumira veranda. Varume vakabuda vachiita kumhanya. Rume raive riripamberi rakasvika kugumiwa nekastood kaive pasi pedoo repa Dininig. Ndakaona rume iri richingoti ," Jesus"**

**Raive ratozvambuka kare. Ropa rakatanga kunganyira mumazino. Ndakamboda kuseka asi ndakazozvishingisa nekuti ndivo vaive mabhoziwero angu. Rakamuka zvekukurumidza ndokubva rasvika kuti mhaa pamukadzi waro.**

**Ndakanzwa richiti," Mai Bianca mukai kani" Pastor aive akangoti maziso kuti wee kunge zviye zvinoita munhu akamirira kuuya kwezvinhu zvaanenge abvunza mukoma google.   Mufundisi akabva azoti ," baba  Bianca regai tibvuñze mwari"**

**Akanyengetera amai Bianca. Apedza kudero akabva ati," Dambudziko ramai Bianca richagara riripo kusvika mukufa"**

**Baba Bianca vakabva vati kwaku ndokuti," nhasi uchakaura chete"**

**Baba Bianca naMufundisi vakakandirana zvibhakera. Baba Bianca vakasvika kukurirwa ndokubva vabata muchiuno chavo vachida kutora pfuti. Vakabva vaishaya**

**Vakabva vapfugama vachikumbira kuti vasarohwe namufundisi. Vaviri ava vakazoenda mudinining ndokubva vatanga kupopotedzana.**

**"Mufundisi munoshoorei nekuti mari yamaida ndakakupai", baba**

**Bianca nei kubva mandidukusa kuita chana.**

**"Mufundusi asi maisafanirwa kudero mhani", vakadero baba Bianca**

**Baba Bianca ," panezvatakatauririrana**

**ndakakuitirai asi izvi zvimwe. Ndiudzei kuti hapana munhu akamuona herè nezuro. Nekuti panezvinhu zvamakaita zvaisafanirwa kuoniwa nemunhu. "**

**"Mufundisi maibata sei tsoro iyi ndizvo chaizvo zvandakaudzwa nasekuru. Mufundisi am finished.**

**Ndibatsireiwo.Mufundisi vakabva vati," Ini zvandakakubatsirai zvakakakwana. Hamusi kurota here hope?"**

**Ndirikurota mufundisi asi ndirikunetsekana kuti gonye rapinda pamba pano ndiyani rinoita kuti zvinhu zvangu zvisafambe zvakanaka. Chii asi**

**chirikuitika chaiko ....ndisatan here asingadi chakanaka paupenyu hwangu. Vakatanga kundinhumburisira mwana wangu izvozvi zvakare wava mukadzi wangu?"**

**Mufundisi vakati ," mukadzi haana kufa asi kuti zuva nezuva**

**achange achibuda ropa nekuti makaresva zvama...."**

**Mufundisi havana kuźopedza. Ndakanzwa kufamba kwetsoka ndokubva ndabva pamudhuri wemba wandaive ndakati kwati ndichinyahwaira ndokubva ndagwadama paive pana mai Bianca. Ndakatanga kuridza zimhere ndichibonda nhema.**

**"Pfutseki imbwa simuka . Nhasi ukatadza kundiudza chokwadi ndoda kukuuraya. Ndinopika namai vangu varere pachiuru. Zuro manheru waivepi?", vakadero Baba Bianca vakandididzipa huro.**

**JULIAN**

**Ndakasvika zvangu pamba ndokubvva ndagara pabed..Musoro waita kutema**

**nekusanzwisisa zvaive zvichiitika mulife mangu.**

**Tilda akauya pandiri ndokubva ati ,"Dady vhurai muone kuti munei zvimwe tingabatsirikana"**

**Ndakavhura ndokubva ndaona maive nechicard chidiki chaive chakanzi congratulation .**

**Mukadzi akachiona ndokubva atanga kusvetuka svetuka nemufaro. Ndakamutarisa ndokubva ndanyemwerera.Zuva ramangwana  rakasvika**

**ndokubva ndaenda kuoffce ya C.E.O . Ndakasvika kugara zvangu pasi. Chinhu chakandishamisa ndakaona Tilda akueñda kunemurume uya C.E.O ndokubva atanga kumupa zihagi achimukisa..Ndakati kwaku ndokubva ndadhonza Tilda asi akaramba akanamatira nemurume uyu? Ndakada kuita hasha ndokubva ati," Julian leave me just go to your seat."**

**Ndakabva ndati ,Tilda ,Tilda , Tilda" . Ndiwe here urikundiramba zvakaita peter achiramba jesu pazere vanhu.**

**"Ko wakabvumirei kusanganisa Tilda naC.E.O. Ndiro basa rawaichemera chishanda ",**

**pfungwa idzi dzakapinda musoro mangu.**

**Ndakaerekana ndabuditsa misodzi. Ndakapukuta maziso nekuseri kweruoko ndichiita kudhedhereka kutsvaga mukova wekubuda nawo. Ndakazonzwa ndabatwa ruoko kuti dzviii.....**

# MAMA BIANCA

**"More drips please. The other thing we need mapads. Okay hamuna cotton here mustore room. Please itai zvekukurimidza this woman is bleeeding to much. Otherwise blood rose ririmuchipatara rinogona pedzwa naye tichimuwedzera ropa", ndaitonzwa kutaura uku ndiri kutsi kwehope chaiko. Ndakanzwa kubaiwa tsinga dzangu ndokubva ndati pepu.**

**Ndakabva ndazvitaudza ndega nechemumoyo "What is this zvandirikuona",**

**Pasina nguva inzwi rekuti," tinofara mamuka zvenyu ini ndini Doctor wenyu. Amai munedambudziko rebleeding. Zvekuti kana tikaritarisa**

**rinogona kusapera asi tichaita zvose zvatinogona nazvo kukubatsirai..", akadero Doctor uyu.**

**Ndakabva ndati,"Noo doctor am fine i never experienced dambudziko iroro kubva ndichirimudoko"**

**Doctor vakabva vati,"I know zvangu but nhasi ndizvo zviripo if you cant believe tarisai umo......"**

**Ndakabva ndati , " Doctor munondiudza here kuti bleeding inokonzerwa nekurara nemurume? . Ini ndinorangarira**

**zuva rakatanga kundibata zvinhu izvi murume wangu aive arara neni zvukuru uye aita kunge chimukomana."**

**Doctor vakabva vati ,"hazvisi hazvo asi kana zvechirungu zvaramba zvoreva kuti makuita zvechivanhu. Ndiregerereiwo**

**nekukupai zano iri asi rinogona kukuyambutsai"**

**Ndakatarisa mandakaudzwa na Doctor kuti nditarise ndokubva ndatanga kubuditsa misodzi.........**

# CHAPTER 14

**Ndakatarisa mandakaudzwa na Doctor kuti nditarise ndokubva ndatanga kubuditsa misodzi.**

**Hama dzadiwa panezvinhu zvinorwadza kuona mufunge zvenyu. Ndinofunga kuti hapana munhu anofarira kuona ropa rake. Zvinhu zvinongogwadza kuti ropa rose rabuda muviri wangu here?. Ndaitonzwa kuneta mushure mekunge ndakatarira bhini raive rizere maghadhi nemaghadhi aive neropa. Moyo wangu wakatanga kudzurika nekugwadziwa. Panguva iyi ndaive ndafambiwa nemhepo yekutya kufa ndisati ndaona**

**mwana wangu Bianca. Pandakaona ropa iri ndakatonzwa moyo wangu kurwadza ndichiona mufananidzo waBianca achisvodza.**

**"Ndakatadzei panyika pano mwari kuti mungabva mandiisa panguva yakaoma zvakadai",Uyu ndiwo munamato wangu**

**wandaichemera mwari wangu panguva iyi. Ndakabva ndadzosa pfungwa panguva yandaive ndina Baba Bianca varikumusha kwedu vachindiroora. Moyo wangu waita kutsemukira nemafaro kuti izvezvi ndazobata mhene. Munhu wese akayemura imba yangu iyi zvekuti imba yangu yakachiviwa nemunhu wese. Hupenyu hwaifamba tatata zvekuti nhamo ndaionera kudzimba dzevamwe.. Murume wangu aindida achindibata sezai.**

**Chose chandaitaura murume wangu aita asina kana kusvoropodza. Zuva nezuva ndaitenda mwari nekundipa imba izere maropafadzo akadai?.**

**Ikozvino upenyu hwava kuvava semhiripiri. Murume wachinja ave kiti ini ndave gonzo. Pose pandinotaura panoitwa kunge pataurwa nemupengo nekuti**

**anobva aisa zvitanda munzeve. Matambudziko hachaperi pamusha zuva nezuva rave bongozozo. Mwana wangu anoerekana akuita mimba isinganzwisisike obva atiza pamba. Chibereko changu chinonzi chaguma nemwana umwe chete. Ini wacho ndinoerekana ndakubuda ropa risingaperi kuita mukadzi wemubaibheri here?. Zvino Jesu ndomuwana kupi zvimwe**

**ndaitobata mupendero wenguwo yake ndikapora**

**Pfungwa nendangariro zvakandididya kusvika ndatobatwa nezvihope. Ndichingoti bhii matama pasi ndakanzwa inzwi raisheedzera kuti ," mhamha mhamha"**

**Moyo wangu wakanyevenuka nemufaro ndichifunga kuti zvimwe Bianca aive adzoka. Moyo wangu wakafara zvekuti ndakatombonzwa marwadzo kupora.**

**Ndakabva zvangu ndati," Bianca mwanasikana wangu ndakusuwa ufunge zvako".**

**Bianca akabva apindura achiti ,"Neni amai ndakusuwai ndosaka ndauya kuzomuona neurombo amai ndakanzwa kuti murikubuditsa ropa rakanyanya. "**

**Ndakabva ndadzosa mashoko kuna Bianca,"Mwana wangu ndizvo eya asi kana uri mupenyu ndinotenda. Ko ndiratidze ka muzukuru wangu"**

**Bianca akabva ati," vhurai maziso muone kamuzukuru"**

**Ndakabva ndasvishingisa kuvhura maziso ayo aita kurwadza zvikuru. Ndaisada kumavhura vhura nekuti aita kunge akatosvorwa. Pose paisangana memhepo ndainyatso kunzwa kubuda misodzi. Nekuda kwekuda kuona muzukuru ndakati regai ndivhure.**

**Ndakaridza tsamwa veduwe ndichiona zvangu Magret uyo aitevedzera voice raBianca kuri kuda kundifadza nenhema. Kudai ndaive ndiri muutano ndaida kuregedzera Magret zimbama.**

**Magret akazotanga kuzhinya zhinya achiti," mhamha maive mafara kuti Bianca adzoka**

**Ndakabva ndati ," mwana wangu waita zvako ukauya kuzondiona. Ndaive ndafara kuti Bianca adzoka ndimuonewo zairegondo rangu ndichimusiira mashoko andinoda kumusiira"**

**Magreti akabva ati," nei amai iyi inhaurwa diki munopona amai mukatoona vazukuru venyu. Musamhanyira kufunga zvakadero"**

**Ndakabva ndapindura ndichiti," mwana wangu hauzive zvako Doctor wati dambudziko hariperi iri? Tarira Bini iro unofunga kuti ndikapedza mavhiki maviri ndichibuditsa ropa kudero ndinenge ndisafa here?"**

**Ndakaona Magret abata chipfuva mushure atarisa bin. Magret**

**akatanga kueredza misodzi pamatama. Ini zvakandinetsa kuti Magret akutanga kundichema ndichiri mupenyu here?**

**Ndakabva ndamubvunza kuti," Magret unodarireiko kundishuridzira rufu ndiri mupenyu?"**

**Iye akati," kwete amai ndinofunga kuti nhau yenyu haide chipatara asi kuti inoda chivanhu?"**

**Mashoko aya akandishamisa nekuti ndizvo zvandaive ndaudzwa naDoctor. Chinhu chakandinetsa kuti Magret aive aonei pamusoro pekurwara**

**kwangu. Ndakabva ndati,"nei wadero mwana wangu "**

**Akabva apfugama pandiri ndokubva ati," mama ndinokudai zvikuru uye ndinokumbira kuti kana ndakuudzai zvandinofunga musaudze munhu kana murume wenyu mwana wenyu kana ani zvake"**

**Ndakamuvimbisa kuti hapana kana andinoudza . Iye akabva ati ," Mama zuva riye ramaiti tsemura chinhu ichi maive makarara nababa Bianca here kana kuti..."**

## JULIAN

**Ndaive ndakatotyara zvangu ndakaita kuchinjika makumbo. Gumbo rimwe raive pasi rimwe rakatanyanga gumbo raive rakatsika pasi. Magadziko ndiwo aive akagara zvawo paseat remota. Driver door ndiro raive**

**rakavhurika zvaro kuti mhepo inyatso kurova mbanje dzangu dzandaiputa. Ndakatarira nguva ndokubva ndatoona kuti yaive yatosvika kuma 4pm. Ndakakakwenya musoro ndichinetseka kuti neyi vakomana vasati vabatika panzvimbo.**

**Ndainyatso kunzwa kuti upenyu hwangu huri kuendeka nebasa raive ndapinda iri. Ndaive ndakurarama upenyu hwangu sekurota kunoita murombo ari mupfumi.**

**Ndaive ndakatambisa nguva ndichiita mahumbwe pamba pababa Bianca. Zvino ndaive ndave boss pachangu zvekuti**

**Baba Bianca ndaive ndisingachavaverengi.**

**Pasina nguva ndakaona mota yakupinda paBase.Ndakanyemwerera nekuti ndaiziva kuti mari yaita. Ndaive ndakuda kutofona ndichiudza client rangu kuti**

**ritransfer mazakwatira emari muaccount yangu.**

**Zirume zidema dema rakabvva raburuka mumota ndokubvva rati," boss munhu  atakatumwa nemunhu uye tamuwana"**

**Ini ndakabvva ndati ," mupfana haikona kuda kundiedza masimba zveee. Appointment**

**yangu nemi haisi yemadiamonds here?"**

**Jinda rakabva rapindura," yaBoss but makanganwa here nemunhu uye atakaudzwa kuti arikutsvagiwa pane client iye yakandinyorera paemail imi mukati mutsvagei?"**

**Rimwe jinda rakati,"Whooo mirai ndigadzirise nyaya iyi. Nhau iyi takaitaura takadhakwa ini ndinofunga kuti Boss Julian havana kunyatsokuibata chaizvo. Kana kuri kuti vakabvuma ndinofunga kuti vakaita kuti zvivabve isu ndokubva tazvitora serious .Anyway boss taresva tinogona kudzosa zvedu musikana uyu"**

**Ndakabva ndati ," munhu wacho akamutuma akati anemari here?"**

**Jinda rakabva rapindura," boss musataura zvemari chete takatovimbiswa mari nedzimota "**

**Ndakabvа ndati ,"haahh haaahh haahh uku ndiko kwandakadanwa ndikanzwa zve uku .  "**

**Ndakabva ndati,"Ndipei simi card  idzva uye mundipe number dzake atosenda mari izvozvi"**

**Ndakabva ndaudza rimwe jinda kuti ,"ribuditse munhu wacho. "**

**Phone yakaringer ndokubva ndati," Hunters Gang member speaking right now...."**

**Handina kupedza kutaura ndakabva ndadonhedza phoni pasi mushure ndaona Bianca achibuda mumota achiita ku.........**

**TILDA**

**"Uku ndiko kwakava kupera kwerudo rwangu naJulian.", ndakadero ndichiudza amai vangu nyaya yaive yakaitika misodzi yakati chururu pamatama.**

**Mama vakandibvunza kuti," saka urikuchemei nhai Tilda"**

**Ini ndakabva ndati ," mama Julian ndinomuda zvisingaite zvino handizivi kuti ndichamuona kupi?"**

**Mama vakati," mwana wangu kudai waida murume wako waisabvuma kufurirwa kudero?"**

**Ndakabva ndati," mama handimbotozivi zvimwe mweya wakatondibatawo amai"**

**Amai vakabva vati," mwanangu matauriro ako ayo haasi ekuchemera Juliani asi kuti unezvimwe zvakadzama chete zviripamoyo"**

**Ndakabva ndati," handina ini amai kutaura chokwadi?"**

**Mama vakabva vati," Tilda unenhumbu"**

**Ndakabva ndarohwa nehana zvekuti ndakashaya kuti ndotangira papi. Misodzi yakabva yatanga kuzenga mumaziso.**

**Mhamha vakabva vati,"Tilda Tilda Tilda ndeyani nhumbu"**

**Kutaura kwaita mhamha uku kwaita kuti ndinzwe hana yangu kurova zvikuru zvekuti ndakaerekana ndati,"................"**

**BABA BIANCA**

Mushure mekunge ndaisa mudzimai kuchipatara ndakamhanya kwasekuru kuti ndindonzwa kuti nei zvinhu zvaive zvamira manyama amire nerongo

Ndakasvika sekuru havana kutora nguva kupinda mudariro.

**Sekuru vakabva vandiudza kuti ,"ndaive ndakaresva zvakare mhiko kwechipiri. Ndakabvumirana nezvaitaura sekuru izvi. Panguva yavakandipa mushonga vaive vakandiudza kuti ndaifanirwa kurara nemwana wangu zviye zvemubobobo. Izvi zvaita kuti mwana wangu asafunge vakomana uye kuti arambe ari virgin. Pachinge papera makore 5 oga oga ndaifanirwa kunanzviwa neshato iyi muviri**

wese. Kunanzviwa neshato uku ndiwo malucky emari aizodziwa pamuviri wangu. Mushure meizvozvo ndaifanirwa kumedzwa neshato iyi ndokubva ndazorara nemudzimai wangu ndirishato izvo zvaita kuti masimba angu awedzere. Zvinhu zvose zvaifanirwa kuti ndizviite pasina anoona nekuti kana ndichinge ndaonewa zvaibva zvafumuka izvo zvaizoita kuti shato iyi irare nemudzimai zvineukasha kusvika

**kuzotsemura chibereko. Denda iri raisapedzwa nemunhu asi kuti zvaive zvandiipira nekuti shato iyi yaive yakurarama neropa remudzimai nekuti yaive isina kwekuita mubobobo sezvo Bianca aive anenhumbu.**

**Ndakabva ndabvunza kuti," sekuru ndiani akandiona nekuti**

**zvinhu izvi ndaive ndakazviita pakati peusiku ndiri ndoga. "**

**Sekuru vakati," muzukuru mumba mako maita chipfukuto ukasakurumidza kungwara unoona mabarwe ako apera ukashaya chekudya"**

# CHAPTER 15 □▒♀

# BABA BIANCA

**Sekuru vakati," muzukuru mumba mako maita chipfukuto**

**ukasakurumidza kungwara unoona mabarwe ako apera ukashaya chekudya"**

**Dzoro rakaita kupisa zvinemutsindo kunge raive rine makwene aita kuvava. Ndainzwa kuti nyau nyau zvekuti ndaitonzwa kunge ndiri kurumwa neinda. Ndakabva ndaruma miromo dzepasi ndokubva ndati dhuu kudzamisa pfungwa. Moyo wangu ndiwo waingoti dhidhidhi**

kurova kunge ngoma yemazion irikurohwa isina kumbodziisiwa pamoto.

"Chipfuko , gonye zvinhu izvi zvaireva ani?" Pfungwa iyi ya kabva yatanga kutenderera muurozvi hwangu ndokubva ndati," mai Bianca mudzimai wangu?" . Imwe pfungwa ndokubva yati,"kwete". Ndakaita kunge ndarohwa nembama  kuchiso chiri

**chimhepo chakapfuura kuchiso kwangu chichindisvinudza. Hana yangu yakarova zvekuti ndakatadza kunzwisisa kuti chii mushure mekunge ndafunga pamusoro paMagret. Ndakaona ndasara ndiri murubudu sekubuda kwandakaita mudumbu ramai vangu. Mufananidzo waMagret kubva pamavambo achishanda pamba pangu wakatanga kuuya kumeso kwangu kuti bhaa kunge ndaitoona chivhiti vhiti,( video).**

**Mabasa aMagret akabuda ose kuti dhugu nezvese zvaita nekundiudza . Ndakabva ndazvibatanidza ndokubva ndaona kuti ndaive ndakaita dambudziko kurera imbwa nemukaka.**

**Hambautare"motokari" ndakaisimudza ichiita kubhururuka chaiko kunge gondo ririkutiza mushure rabata huku.  Panguva iyi ndainzwa**

mhepo ichiita kugwidzana kupinda nepahwindo. Ndaitonzwa kuti ndaive ndakuda kudonha asi neshungu ndakaramba ndakatsika mafuta. "Tsviiiiiiiii ", ndakatsika mabrake emota ndikanyatso kunzwa kuti yabvuma kumira. Ndakasiya mota kunze ndokubva ndapinda mukati nekuti ndaisada kuchenjedza Magret.  Ndaita zviye zvekukwakukira kunge munhu arikutinhwa kunge mombe. Ndakasvika ndokubva

**ndavhura goni ndini uyo pfee mumba chinyararire. Ndakabva ndananga kumba kwaMagret banga ndakariti pfee muchiuno. Moyo wangu waida kumupedzisa chete? Ndakavhura goni zvinyoro nyoro ndokubva ndatarira hadina kuona munhu. Ndakaridza tsamwa zviye zvekugumbuka kusvika kuchide chaiko. Ndakabva ndaenda kumba kwangu ndokusvika kuti nyengu pamubhedha. Ndakaringa ringa**

**ndichikatyamara nezvandaiona. Maziso akaita seachabuda mumahobi akati ndee panzvimbo imwe chete. Ndakamanya kupffakanyisa mapillow ndokubva ndaona kuti aive matsva. Ndakaringa ringa ndokubva ndabuda ndichimhanya ndichiti," Magret uripi Magret uripi waisa kupi pillow rangu"**

**Hapana akadavira musha wese. Ndaingonzwa kuti ziìi kunge panzvimbo pasiya pavafamba shumba. Runyararo rwaive panzvimbo ndehwevana vechikoro vaona mudzidzisi achipinda mukirasi rumu. Ndakatanga kubwaira bwaira tumaziso kunge mwana mucheche achangobva kuzvarwa. Ndainzwa hasha kukwira dzichidzika irwo rurumi rwakati rapata kunze kunge bere raona nyama. Uku ndiko kunonzi**

kumhanyira huku wakabata munyu mumaoko. "Zvino ndikashaya piro rangu ndichaita sei nhai veduwe?",uyu waive mubvunzo nhando waita kuboora pfungwa dzangu kunge gonye remabarwe. Ndakazvidemba kuti nechandakazviitira kuzvisikira moto muziso kudai zvangu ndakaziva haitungamiriri. Vakuru vakati tsuro haipotsi rutsva kaviri zvino ndichapabuda here?.Ndakabva ndaona

**chamupupuri  chaita kuzeya kumberi kwangu. Chamupupuri ichi chakasvika kundimedza ndokubva chandisimudza.......**

**MAGRET**

**Ndaive ndichiita zvangu kufamba ndichirezvana nemukomana wangu. Mukomana uyu aita kuroverera manyevenutsa moyo emanzwi aitapira.  Ndainyatso kunzwa kuti ndiri murudo kunyangwe zvake ndaive ndisina kumuudza kuti ndinomuda. Pachake ndinoona kunge aive atozviona nekuti aive akutofambira mujinga mangu achindidhuma dhuma. Ndakazoona akutondibata muchiuno. Ini handina zvangu**

**kuda kuramba sezvo ndaitonzwa kuda kumbokanyiwa kanyiwa muviri wangu nemunhurume.**

**Akabva andiudza kuti aive akuda kudzoka ini ndikati hande kumba kwedu hakuna vanhu ndini ndoga. Ndakaona Jaya rabvumira nekuti raiziva kuti rikasvika kumba richarova makumbo. Ini ndaive ndatofunga**

**kuti kana ndichinge ndasvika kumba taizorara tose zvedu mumba maJulian. Ndakatorana nemukomana wangu ndokubva ndati pfee naye mumba umu. Zvinhu zvacho zvaita kurwadza chaiko nekuti ndaive ndiri virgin. Nekuda kumbonzwa kuti zvinodii ndakatoshingirira kusvika zvaita. Ndakazotanga kuti dhuu mushure mekunge ndaona mapillow andaive ndatora azere ropa. Ndakatoona kuti hazvichabvire kuti ndimadzose.**

**Ndakatanga kutsvaga mawe mapillow aive mustore room ndokubva ndadzora pamubhedha wababa Bianca pandaive ndaatora. Ndave kudzoka rumu raigara Julian ndipo pandakaona Baba Bianca vachiita kumhanya kupinda mumba. Ini ndakabva ndati kwati kwati nemadziro ndokubva ndapinda muroom raive nemukomana wangu.**

**Ndakaudza zvose zvaive zvaitika kunemukomana wangu tikabva tarangana kuti titize. Mukomana wangu akabva abuda achimhanya ini kumashure. Paive akubuda gedhi ndakaona arohwa mabullet 6 achibva adonha ndiye ziiii.**

**Ndakabva ndamhanya kudzoka mumba ndokubva ndazvipfigira ndichiita kutya uye kurohwa nehana. Paupenyu hwangu ndaive ndisina kuona munhu anofa sehuku zvakadai**

**MAI BIANCA**

**"Kubva kare kose zvoreva kuti ndaive ndakaputirwa murima here?**

**Chingave chokwadi here chaitaura Magret", ndaizvibvunza mibvunzo nhando isina anodaira..life yangu yaive yave parumana nzombe.  Vaye vakazviona pavakati rudo ibofu. Ndaiona mazakwatira emari**

**nehupenyu hwekuchadenga ndikabva ndati uyu ndiye murume achaita kuti ndigare tatata ndakatambarara serunyemba. Zvino zvaivepi nekuti ndaive ndadenha mutunhu unemago. Ndakarangarira zvangu mukomana wangu andakaramba kunge imbwa mushure ndaona jaya mupfumi iri. Mwari akamusimudza ndokubva avhura magoni aive atove nemhuri yake agere tatata ini ndichiita**

kugweva ndiri muchipatara ndichiiita kuita dhodho reropa. Zvandakadya zvaive zvapfuka ikozvino . Ndakambotanga kurambirana nepfungwa yaMagret asi pandakaona zuva rakunananzwa makomo ndakabva ndaziva kuti pane chiturikwa. Ndakatanga kuona matambudziko ose aitika mumba ñdikabva ndaziva kuti honye yeurombwa yaive yapfumbira kusvika pakuzvara zvibereko.

**Moyo wangu wakatanga kuti,"**

**Uneruvara hwakapenyera zvekuti munhu akakuona anonzwa kufara**

**Urimurapa nhamo uye mupodzi wemarwadzo kunemoyo yevazhinji**

**Kusvika kwako kunodzikamisa hana dzevazhinji uye kuvapa chiremerera nerukudzo.**

**Zvibereko zvako zvinoita kuti ukwezve shiri dzose , chimatitii, nekirimbani.**

**Ndiyani asingakudi nhai iwe.**

**Ko wakabvepi nhai iwe**
**Amai nababa vakakubereka vanonzi ani?**

**Zvino kukuda kwaita vanhu samare kwakukonzera kuti vagwisane nekupinda munoera kuti upote uchivashanyira usangadzoki**

**Misodzi pamatama mokoto vachichema nezvibereko zvako zvaunosiya mudzimba.**

**Vamwe zvirema , vamwe vakadzurwa mbereko, vamwe vanopenga , vamwe vanofa zvisinganzwisisike kubudikidza nekubatabata kuti vagone kuva newe nhai iwe?**

**Mari mari urimuroyi wanzwa here? Kudai usiko tingadei tisingavengani, zvondani uye tisingagwire pfuma. Mari mari chifara zvako nekugwadziwa kwevanhu uye kudada kwako nekusarudza kwako . Mwari ave newe Mari."**

**Iri raive detembo remumwe munyori randakamboverenga ndichiri mhandara. Ndakanyatsoona kuti detembo iri**

**raive ratondimedza nekuda mari mushure ndada Baba Bianca.**

**Pachauya achandiona urombwa hwake ndichaubuditsa pachena ? Zvimwe nguva kunyepa kwa Magret asi pandichamubvunza ndichabata chokwadi?**

**BIANCA**

**Ndakafara pandakaona Julian ariye Gang leader. Chinhu chandaifarira kwaisava kusangana naye zvakare as reunion asi ndaive ndapona rutsva nekuti aisabvuma kuti ndiuraiwe.. Moyo wangu wakaita kunyevenuka mufunge zvenyu. Ndakamhanya ndichindombundira Julian izvo zvakakatyamadza vandaive ndabva navo. Julian akatora**

**nguva akandimbundira ndokubvva ati ," i miss you".Ndakavhura maziso kuti dzvondo mushure ndanzwa i miss you yacho yaita kunge pfungwa dzake dzakadyiwa nemagora. Akabva apfugama ndokubvva at," my queen Bianca. Dzinde rerudo rizere muhana. Kubva kare Dhiya ndichikuyeva asi kuti ndaisakwanisa kukuudza kuti ndokuda nekuti panguva iya waisabatika. Uyu ndiwo mukana wandaona wakakodzera kuti**

**ndikuudze kuti ndinokuda nemoyo wangu wese". Ini ndakabva ndati Julian handiti wakaroora here uye hazvibvire kuti ini ndidane newe nekuti unemukadzi uye ini ndinenhumbu yangu so ndoda kuti ndizvare ndizvichengetere mwana wangu . Kana akura ndobva ndamusiya pana amai ndobva ndaenda kuchikoro kuti ndigowana basa rekuita nekuraramisa mwana wangu.**

**Julian akabva ati," mashoko awataura arikupinda munzeve asi ini ndaikumbirawo kuti unzwisise nekuteerereresa.**

**Tilda aive achindiitisa murudo rwedu. Ndakadana naTilda ndikanetseka naye ndisingazive kuti aibva kumhuri yakapfumiwa. Tilda akanditsvagira basa**

**paMutare Municipality. Ndakaenda ikoko ndikanzi basa ndariwana. C.EO vakati ndishande basa iri vaida kurara naTilda. Ndakabvuma saizvozo asi pave paya ndakamhanya kuhotera ndichida kureversa pfungwa dzangu. Pandakasvika ndakaona Tilda naC.E.O vasati varara vose. Ndakatora mudzimai ndokubva ndaenda kumba . Ramangwana acho ndakaona chipepa chaiti basa ndariwana muchikwama**

**chatakapiwa naC.E.O. Takaenda kuMunicipality kuye ndokubva ndasvika kuudzwa mashoko akandididzimba. C.E.O vaive bhudi vaTilda. Zvose zvavaita vaida kunditesita rudo rwangu kuti vaone kuti hanzvadzi yavo ndinomuda here zvechokwadi nekuti vaifunga kuti ini ndinomudira upfumi hwavo asi ini pandakapfimba Tilda ndaisamboziva kuti kumba kwavo kwaive sei uye hapana paakambozviratidza pamberi**

**pangu. Ndakarwadziwa nebetrayal iyi uye kutambwa nemafeelings angu ndokubva ndatiza Tilda pamba ndichitanga chiganster. Ini na Tilda hapasina rudo. Chimwe chinhu zvakare ini ndakatadza kunhumburisa Tilda makore ose atakagara tose. Saka ini ndichave baba vemwana arimudumbu uyo, uye ndichamuchengeta semwana wangu sezvo ndisingazvari. Kana wakuda umwe mwana**

**tichaita zvedu zvekutenga kana kuadopter .**

**Can you marry me Bianca?**

**Ndakabva ndarwadziwa nenyaya iyi asi ndakazomupindura kuti ," Sorry Julian am taken wakanononoka  ndave mudzimai wemunhu. Moyo wangu ndakaupa Tseremu"**

**Can you marry  me Bianca**

**Ndakatswatira maziso ndichidzeya nekufunga mashoko andaive ndaudzwa naJulian . Pandakazovhura maziso ndakaona ropa kuti chururu pasi . Maziso angu akatanga kunyuchira misodzi.  Ndakabva ndatoridza zimhere. Ndakazonyarara dumbu rangu ranzi dyuu .......**

**CHAPTER 16* 🫣🏻‍♀**

**BIANCA**

**Ndakabva ndatoridza zimhere. Ndakazonyarara dumbu rangu ranzi dyuu . Ndakaona Julian**

achikotsora ndokubvva arutsa gadhi reropa.  Zirume riya rainyebera kuva mufundisi rakabva ratarisa Julian ndokubva rati," time is money. We need money not betrayal.  This is not a wedding day." Rakabva ratrigger pfuti  iyo yaive yakati dyu padumbu pangu. Julian akabva anditarisa ndokubva atarisa nhumbu yangu. Misodzi yakaoneka kudzika nematama ake. Rume riya rakabva rati," Julian my friend this is the end

**of Bianca and her unborn child. Ofcourse we want her to live but she can cause a lot of chaos because your heart belong to her"**

**Julian akabva ati," mufundisi dont kill innocent soul". Akabva abvisa pfuti ndokubva atendeka Julian uyo aive apfuurwa ruoko rwaive rwangoti rembu.**

Vakamutora ndokubva vamukwidza mumota. Guruva rakaoneka kuti togo  motokari ichimbumura pasi. Ini ndaive ndasara namufundisi nekamwe kamusikana. Musikana uye akabva andizendemura zimbama zvandisina kunzwisisa kuti ndaive ndaresvei chaiko. Ndakanzwa akuti," next time unofanirwa kuziva pekukumbira rudo ndosaka rakapiwa nhumbu nekupusa. " . Ndakabva ndasvipa mate pasi.

**Ndakazoerekana ndarohwa mudumbu izvo zvakaita kuti ndinzwe moyo kurwadza nekuti ndainyatso kunzwa kuti divi rakaviwa ndiro raive richitambira mwana.**

**Phone yakabva yarira ndokubva ndazwa kuti ," yes do immeadite transfer now we have the girl. In**

**one hour will be delivered to you"**

**Moyo wangu waive wakutanga kutsva nekutya. Ndaitonzwa sekuti ndiri kuboiler mumvura inopisa. Pfungwa dzakatanga kumhanya mhanya asi paive pasina yekutamba. Ndaive ndatomirira chose chinenge chauya panguva iyi. Moyo wangu ndiwo waingoti kudai vauraya ini mwana wangu ararama.**

**Motokari yakabva yadzoka. Ndakatarisa pamaseat panguva yaivhurwa goni ndokubva ndaona pazere ropa. Hana yangu yakabva yati tsemu zvichiteverwa nekuchema zvikuru. Musikana uyu akabva ati ," ramba uchichema ndivhovhonore zimimba iroro". Ndakabva ndati ziii ndichiita kuhakira mweya. Phone yakabva yaringer zvakare," ndokubva yanzi," kwati kwati panzeve dzangu". Ndakanzwa inzwi**

**rababa vangu richitaura. Moyo wangu wakaita kufara kubata denga. Ndakabva ndati," baba am in danger ndakidnapiwa nemagang . Varikuda kundiuraya ini nemuzukuru wenyu" vakabva vati ," waive nani?"**

**Ini ndakabva ndati," ndaive naJulian asi atouraiwa". Ivo vakabva vati ,"julian again" . Ini**

**ndakabva ndati sorry baba ndangosangana naye by mistake please baba save my life transfer the money yavanoda." Ivo vakabva vati uchiri nenhumbu here? . Ndakabva ndati ,"ehe asi mazuva ekuzvarwa akadarika anytime ndogona zvara"**

**Vakabva vati," hoo mwanangu rega nditransfer mari yacho"**

**Ndakazopa foni mufundisi ndokubva vaisa paLoud. Baba vangu vakati," thats good work Mufundisi mari ichingopinda ibvai matouraya munhu iyeye ini ndichasvika ndichitora body yake. Musabaye dumbu itai zvekumumonya huro kana kuri kutora bhemba mokwichura musoro. Handaisaziva kuti gang renyu rina Julian mukati asi ndafara pandanzwa kuti afa .**

**Kwichurai munhu musoro mufundisi"**

**Ndakatanga kunzwa simba kupera . Ndakabwaira maziso sechitai tai ndichishaya kuti ndotangira papi.  Panguva iyi ndaida kubatanidza pfungwa asi dzairamba. Moyo wangu wakazvitongesa kuti ndibaba vangu here vanoda ku kwichura musoro nemadiro avanondiita. Ndakadzungudza musoro**

**ndokubva ndapfugama misodzi dziri pamatama. Ndakabva ndati," Mufindisi musandiuraya zvenyu ndapota ndogona zvangu kukupai 1000 us dollar yandakapiwa naTseremu nemota yangu . Ndapota zvangu mufundisi"**

**Musikana uye akabva aburitsa ruoko rwaJulian ndokubva ati,"**

**chimhandara urikuona kuti ruoko urwu nderwani"**

**Ruoko rwakabva rwadonhedzerwa pandiri. Ndakakakatyamara ndichiona kuti," raive ruoko rwaJulian rwaive rwakakwachurwa nechepafudzi apa. Ndakatanga kuvhunduka nekutya ndichibva ndada kutiza. Mufindisi akabva ati," usatize zvako pachapinda mari ndicho**

**chikafu chako chauchadya usati wafa"**

**Musikana uye akabva ati," ukaona panofa boss Julian zvinoreva kuti pari kubikwa madhiri emari kwete 1000 usdollar". Mari yakabva yabudutswa yaive ma100 dollars chete akaita chibhanduru. Musikana uye akabva ati ," this money is 10 times 1000 us dollar"**

**Phone yaMufindisi yakabva yati," ngindi " . Ndakaona mufindisi vachiti ," iyi imessage ye mari"**

**BABA BIANCA**

**Chamupupuri ichi chakasvika kundimedza ndokubva chandisimudza. Ndakanzwa kusimudzwa ndichienda mudenga ndokubva ndakandirwa**

kure uko. Ndakanyatso kuona kuti ," panguva iyi ndaida kuuraiwa asi ndaive ndabuda nepaburi petsono. Pandaive ndakati kwati ," ndakaona mukomana  achibuda mumba maJulian. Handina kuda kufunga rutatu kana kaviri ndakabva ndaregedzera pfuti. Ndakanyatsokuona 6 bullets dzichiperera pamukomana uyu. Ndakamhanya ndokubva ndavhara gedhi ndichibva ndaenda kundosimudza

**mukomana uye. Pfungwa dzangu dzakati mhanya undomuisa mumba maigara Julian. Ndakamusimudza ndichiita zvekugomera. Ndakabva ndamuisa pasi ndichibva ndavhura goni. Handina kunzwisisa kuti chii chakaitika asi ndakaona ndadonha negotsi. Pandakatarira ndakaona sekuti aive musikana abuda achimhanya. Ndakaisa mukomana uya mumba ndokubva ndamupfigira.**

**Ndakabva ndavhara goni ndokubva ndatanga kutevera munhu uye nepfuti. Ndaiziva kuti hapana kwaanoenda chete nekuti ndaive ndakavhara gedhi. Phone yakarira ndokubva ndanzwa kuti maganster aive awana Bianca. Zvino paidiwa mari. Hongu mari ndaive nayo asi chainetsa kuti pillow rangu ndaive ndisati ndariwana. Pillow iri ndiro raive nemhiko dzandakapiwa namufundisi kuti Bianca asazvare mwana. Zvino**

**zvandakurishaya zvoreva kuti kana munhu anenge anaro akasunungura mhiko iyi Bianca aizozvara mwana upfumi hwangu wobva waparara zvichiteverwa nekufa kwangu. Kana ndichinge ndarishaya zvoreva kuti Bianca aifanirwa kufa asati azvara nekuti kana achinge azvara uvirgin waive watobva zvakare izvo zvaizokonzera kuparara kwangu .**

**MAGRET**

**Mushure mekunge ndaona mukomana wangu achipfurwa. Ndakamhanya kundoti pfee mumba maJulian. Ndakanzwa mutsindo wemunhu uchifamba kuuya kugoni rangu ndokubva ndaziva kuti vaive  baba Bianca. Dikita rakatanga kuerera mufunge. Ndakashaya kuti ndodiii . Ndakatarira rutivi rwemba rwose ndikaona pasina**

**kana pekubudira. Moyo wakabva wafunga kuti," boora ceiling ugare mukati asi ndakaona kuti yaive kure. Pakavhura baba Bianca goni ndakabva ndavadhuma ndichibuda ndichitiza . Ndakasvetuka chitunha ndichibva ndatsika zidumbu rababa Bianca ndiye pote nerweseri. Ndakada kuzama kupusher gedhi ndokuwana rakavharwa. Veduwe ndakashaya kuti ndodii. Ndakamhanya kundotora  dust bini ndokubva**

**ndaona hapana. Ndakazofunga kuti ndaive ndariisa mapillow aye aive neropa ndikariisa kunze. Ndakaona pasina yekutamba asi kuti ndiiite setsoko kukwira durahall. Ndaive ndasvika pamusoro . Chinhu chaive chakunetsa kuti ndojamba sei fence yemagetsi yaive kumusoro.**

**Ndakacheuka kumashure ndokunzwa kuvharwa kwegoni**

**ndikaziva kuti urwu ndirwo rufu rwandifembedza.**

## MAI BIANCA

**Ndakabuda muchipatara ndakagumbuka murume asina**

**kana kumbouya kuzondiona zvake. Ndakasvika kupinda mumba mangu ndokubva ndaona pamba pasina vanhu. Mazuva matatu akapfuura pasina kana agura pamba. Baba Bianca na Magret pfone dzavo dzairamba kupinda. Ndakatozvishaya kuti chii chaitika. Ndichizvitongesa zvikuru. Chinhu chainetsa ndakaona mapillow ave matsva apa Baba Bianca vaive vakandiudza kuti vanofarira**

rudzi rwemapillow aya zvekuti ngapasave nezuva rimwe randinomachinja. Ndakashaya kuti murume wangu aive nemumwe mukadzi here kana kuti? Zvakandinetsa zvikuru. Ndakabva ndati regai ndindorima tumasora twaive pedyo nemba yaigara  Julian. Ndakashamika ndichinzwa hwema hwaibuda mumba umu. Ndakaenda pedyo ndokubva ndafembedza ndokunzwa hey hwema hwacho hauite. Ndakabva ndafunga

**kundotora spare key ndivhure goni  zvimwe vangadai vari baba bianca kana Magret. Ndakavhura gonhi riye. Hama dzadiwa zvandakaona......**

**ĹANDLORD**

**Ndaive ndakatarira zimuzvambarara remota yakasiiwa naBiànca.**

**Ndakanyatso kunzwa tumusodzi kuda kubuda chaiko. Ndakazoona kuti ndikagara ndigere pachivanze apa ndakatarira mota iyi ndingadzamisa pfungwa zvikuru. Ndakasimuka ndokubva ndazvigonya ndichipinda mumba.**

**Ndakazonzwa huta kurira kugedhi. Ndakafamba zvangu pore pore ndakatodhiniwa kuti ndiyani aive achindinyaudza kudero. Ndakaerekana ndambundirwa nerino zi Jaya raive rakanwa mukaka rikaguta. Ndakaritarira ndokubva ndakatyamara mufunge zvenyu . Ndakabva ndati," lucas...."**

**Handina kuzopedza kudero ndaive ndakutoyeva vakomana vaiburutsa magrocery mumota ya Lucas vachiisa mumba mangu.**

**Lucas àkabva ati ," mama am alive  where is my beautiful queen mama"**

**Ndakabva ndatanga kunyara mufunge nezvandaive ndakaitira lucas, handaifunga kuti ndiye aive adzoka zvakare. Moyo wangu wainge wakatozvimisikidza kuti lucas aive akatofa . Ndakabva ndatanga kuona kuti upenyu ndehwamwari zvemazvokwadi. Mubvunzo wekuti," Bianca aripi" wakaita kubaya pamoyo kunge pfumo chaiko idzo ndangariro dzichìnditongesa.**

**Ndakazoti," handizive mwana wangu "**

**Lucas akabva ati mhamha ," chinzwai nyaya yangu ndokubva ati....."**

# CHAPTER 17

# TSEREMU'S STORY

**Lucas akabva ati mhamha ," chinzwai nyaya yangu ndokubva ati....."**

**Ndakazoerekana ndati zvambarara kunge nyoka yakafa yoga ndirimuchurch. Pastor vachiita kutaura nendimi. Ndakanzwa kuita sekuti ndaive ndakanyorova chiuno changu zvose nemakumbo. Ndichirikufunganya kudero ndakacheuka kumashure kuti ndione kuti zvandaifunga ndizvo**

here,? ndokubva ndati ," baba vangu wee muera dziva" Ziso ndiro raive rakati dhee panze. Ndakaita zvimaminutes ndichitadza kufema kunge munhu akanyupira mumvura. Ndakatadza kunzwisisa zvandaiona panguva iyi mufunge zvenyu amai. Moyo wangu wakatanga kuti," dhii dhii "kunge munhu asangana neshumba asingafungiri. Raive zimutumba vasekuru ,rino zichiuru reshato. Ndakatanga kusheedza kuti,"

**nhai vanhu vamwari ndofawo here nenyota makumba arimumvura ndibatsireiwo kani?.. Vanhu vamwari vakawedzera kunyengetera nekuimba. Ndainzwa pastor vachiti," rakashata rakashata, murengende murengende ,habinashata faya fire in the blood of jesus" .Paitonzi faya faya zishato riye raive richitowedzera kundisveta. Ndaitonzwa kuti izvozvi ndave mudumbu rechimwe chiinhu**

chipenyu ndichinzwa kamwe kamudziirwa kaye kanoitika panosangana munhurume nemunhukadzi. Ndakatoona kuti panguva iyi paitoda kukongela mweya mutsvene chaiko. Kunyangwe zvangu ndaive ndisingazive mwari asi ndakatangawo kuti," rakashata rakashata faya...rakashata rakashata shato faya. " . Nzeve dzangu dzakazoita kunge maive munezvikwambo zvaitaura nekuti maungira acho aikunda ngoma

**kurira. Munhu wese aive akungoti," rakashata rakashata shato faya , rakashata rakashata shato faya. " . Panguva iyi ndaive ndasara kusvetiwa chirebvu changu. Ndakatsinzinya maziso kuti ndisvetiwe zvangu ndisingaoni nekuti kusvetiwa ndichiona ndaigona kuzodhuuka chipfuva nekutya.  Ndakanzwa ruoko kuti dzvii pachirebvu changu. Ndatanga kufemera padera kunge munhu arikumanya 12 rounds**

dzemasports.  "zvino ruoko rwabve kupizve?", wakave mubvunzo nhando usina anodavira. ." Zvoitawo zvinhu zvingani pamunhu umwe chete kuti uku ndirikusvutiwa uku ndirikutsva " , ndiyo nhamo yandaive nayo semudzanga wefodya.  Ndakatanga kufunga tsumo iyi inoti murombo harovi chinenguwo . Vakuru ipapo vaive vasina kuresva. Chikoro chaive charamba, nhamo yaive yabvuma izvozvi ndakusvetiwa

neshato.  "No my lord i lay my hand as a boundary to this innocent soul. No evil spirit will overcome the power of God let this man live so that will praise the name of God in public" Ndakanzwa hana yangu kudzikama mufunge zvenyu pandakanzwa mufundisi vachitepenyura chirungu kudero. Ndakaona shato iye yakutadza kusveta ruoko rwapastor. Ruoko rwapastor rwaive rwakaita kututuruka kunge churu zvekuti

**muromo weshato waive wamudiki. Pastor vakabva vati," now am destroying you in the blood of jesus . Gooo goooo gooo. Let him be freee" . Ndakaona kunge denga raive razaruka ndokubva kwauya chiumbwa chemoto chichisvika kuti mwendu paive nezishato iri. Zishato iri rakatanga kubvira kuita matsito chaiwo. Asi chakandishamisa ini handina kutsva. Ndakatanga kusheedza kuti ," yatsva yatsva ndichitarira**

**vanhu vaive vakati ziso wee kunditarisa vachitoti ndinopenga. Pastor vakazoti," musakatyamare zvenyu vana vamwari the devil is gone yoù will not see it if you are not spiritual gifted. ". Vanhu vamwari vakatanga kundidhonza ndichibva pandaive ndakati zvambarara. . Kubva ipapo ndakatanga kunzwa zvakanaka. Ndapedza kudero ndakabvunza pastor kuti ndaive ndauya sei pano. Ivo vakati," vaive**

**vasheedzwa nemwana wenyu kuti vagozondibatsira. Vanoti pavakasvika pano vakaona pasina vanhu sakavakafunga kunditakura kuti ndigobatsirwa pachurch. Ndisati ndapedza kudero mama vakati ," ndilinda ndi linda chete ndiye anonamata chechi dzana pastor"**

**Ini ndakabva ndati," ko mama zvandiri kutaura hamuzvizive here? Mama vakabva vapindura**

**kuti panguva yakaitika zvinhu zvose vaive vabuda vachitevera Bianca pavakazodzoka vakaona ndisipo ini na linda."**

**Ndakabvunza kuti ," mama linda haana kukuudzai here chaive chakatora nzvimbo"**

**Mama vakabva vati," haana uyu akatouya achirongedza zvinhu zvake kuenda kuharare kwaive afonerwa basa"**

**Hoo amai regai ndipfuurire mberi nenyaya yangu. Mushure mekunge ndaponeswa kudero ndakatanga kugara napastor ava tichishumira kusvika zuva rimwe Pastor ava vati," tine Musangano kwaMutare. Takasvika ikoko ndokubva taita musangano we 3**

**days. Zuva rekupedzisira ndakabvva ndasangana nababa vangu. Nyangwe nemiwo nhai amai what a grace?. Ndakatorana naBaba vangu ndokusvika kumba kwavo  ndokubva ndatoona kuti munhu atori nezvinhu zvake.Amai ndakapererwa manzwa here?. Chinguva chidiki ndaive ndakutofamba nemotokari iyo, yandakatengerwa. Ndakatanga kubatanidza zvinhu zvangu ndokubva ndatotsvaga basa**

**rangu reulaywer. Mama kutaura kuno ndave kushanda. "Happy for us mama", Ndakadero ndichimbundira amai vangu. Misodzi dzamhamha  dzakati mokoto kuri kuchema. Ndakanzwa tsitsi mufunge. Mama vakatanga kuti  ," am sorry..." havana kuzopedza ndaive ndatovanyaradza zvangu nekuti mama zvinowanikwa munofanira kufara kuti ndiri mupenyu.**

**Ndapedza kudero ndakazobvunza kuti ," Bianca aripi"  Mama vakabva vati ," kubva paya haana kana kuzombodzoka. Ndakakumbira number dzake ndokubva ndafona . Foni yakabva yadairwa nekamwe kamukadzi kaiti," the**

number you dialed is not available at the moment please try again later" . Ndakaridza tsamwa mufunge zvenyu ndichitoshaya kuti zvino ndoita sei. Ndakabata musoro ndichikwena kwena tubvudzi ndokubva ndatanga kumhanya ndakananga kumotokari yaBianca ndichida kutarisa kuti pane zvingandibatsira here? Ndakaona chidiary chake chaive chakanyorwa kuti ," my world tour" . Paive pakanyorwa kuti

**Bangazani ne Jopa. Ndakabva ndapinda mumota ndokubva ñdaivhetemesa ndakananga kubangazani. Ndakasvikako ndokubva ndabvunza vanhu asi hapana akaratidza kuziva Bianca. Ndakabva ndaimutsa zvakare ndakananga kuJopa. Ndichisvika paye ndakabva ndabvunza zvikanzi vaive vakambomuona asi aive nemota panguva iyì. Ndakwena musoro ndokubva ndatanga kufona. Foni yakapinda asi yaikatiwa**

**Ndakabva ndatanga kutracker number idzi. Ndichibva ndasimudza mota zvinenharo . Ndichingoti potei curve ndakadhumira oncoming vehicle. Ndainzwa mota ichikudubuka rutatu ndokubva yasvika kuti ndii pamuti. Ndakanyatsokunzwa ndakamaniwa nebase remota zvekuti ndakaona ndakutosheedzwa nevadzimu....**

**NARRATOR**

**Magret aive akanamira paDurahall kunge dzetse asingachagoni kusvetuka nekuti aive atarisana netambo yemagetsi iyo yaive boundary yekudecider upenyu hwake. Muromo wa Magret waive**

**wakangoti hwaa kusvika kuchide kuri kukatyamara nemashura aiona kunge bhodha jamba raiona limpopo akazara richida kuyambuka kuti rigone kuuya kusouth africa. Magret achakangoti mhaaa kudero akaita kukakatira durahalll anonzwa magaro ake kunyeketedzwa izvo zvakaita kuti atange kuvhunduka nekuti aive akuvandutswa mafeelings ake. Shasha inoita kudongorera nechepakati pemakumbo ayo**

**aive akavhura kunge mukadzi arikuweta ndokubva yatanga kutsinzinya maziso , iyo misodzi ichiti mokoto kudzira nematama. Zvaitika pamusikana uyu yaive tambe tambe chidembo muswe ndakabata. Iyi ndiyo inonzi nguva yachimbetu yaive yapinda musikana uyu. Vakuru vakati panonzi parumana nzombe vamwe vakatai paziso retsono. . Chekuita paive pasina asi kuti azvikocheke zvake mumaoko emhondi iyi. Vakuru vaive vakati**

**chinobhururuka chinomhara uku ndiko kwaive kumhara kwa Magret zvese neuchenjeri wake. Magreti anobatwa nemagadziko nemaoko maviri ndokubva aiswa mudenga denga. Iye Magret aive akutanga kubvunda kunge munhu arakashwa nechimvura mahwe. Rume riye rinobva ramuregedza ndokubva ramuti bhii pasi. Musikana mukuru akaridza mhere kunge mhandatsva iri kuzvara. Panguva yaipfakanyika Magret**

**rume iri rinobva rasimudza tsoka ndokubva rati pahuro ndi. Rinobva ratanga kutsimbirira huro richiita kutsukuta kunge paitsikwa bete ,raonekwa richifamba mundiro yekudyira chikafu zvekuti Magret anoshaya mweya wekufema achiita kubitiririrwa kunge munhu ane asima. Magret anosimudza ruoko achirovera pasi sezvinoita munhu akundwa muwrestling. Inzwi rakadzvova zvikuru**

richibva mukanwa mezirume iri richiti," where is my pillow?"

Magret anotanga kunongedzera kunze. Baba Bianca vanobva vasimudza Magreti ndokubva vamuti ndii kudurahall. Ndokubva vatanga kumudhonza vachibuda naye panze.  Rume iri rinobva rati ,"show me". Magret anobva anongedza mubini. Baba

Bianca vanobva vaenda naMagret vobva vavhura bini wanei hamuna chinhu.  Rume rakashatirwa zvikuru kunge nyoka irikutandaniswa nematombo. Rakabva ratora Magret ndokubva ramundonyera mumota. Vaviri ava vanorova mota vakananga kudumping. Vachisvika ikoko vanoona Dumping richipwititika chiutsi chakananga kudenga kunge zviye zvaitwa panguwo yezvipiriso. Izvi zvaireva here

**kuti Baba Bianca vaive vapa chipiriso chasvika kunamwari. Vanomhanya kundotarisa rimwe rutivi asi hapana chavakaona. Vachakadero baba Bianca vanobva vafonera mufundisi.**

**Baba Bianca vanobva vati," mufundisi ndiratidzeiwo kuti mhiko yenyu yekuti Bianca**

**asazvare  yatsva nemoto here kana haina"**

**Paitaura baba Bianca mashoko ose aya," Magret anobva akotsora kubudikidza nekunzwa achitadza kufema zvakanaka izvo zvakaita kuti rume iri rifunge kuti ririkusekwa na Magret.   Baba bianca vanozviona ndokubva varidzira Magret pfuti ichibva yapfura gumbo rekurudyi"**

**Mufundisi anobva ati," Baba Bianca masara nema hour anokwana kusvika 8 chete kuti Bianca azvare. "**

**Baba Bianca vakatanga kusvima misodzi vachiti," mufundisi zvino ndodii"**

**Mufundisi vakabva vati," mhiko yandakakupai yatsva zvino hatikwanise kugadzirira imwe mhiko sezvo inotora 4 days . Patinopedza 4 days Bianca anobva atosununguka sezvo tisu taive takamusunga iyo nguva yake yaive yakwana"**

**Baba bianca vakabva vati "Saka zvoreva here kuti ndinofanirwa kumuuraya asati azvara nekuti akatozvara anenge atobva uvirgin zvino ndinopona here neshato iye "**

**Mufundisi vakabva vati," baba Bianca decision ndeyenyu kuti**

**motsvaga Bianca mobva mauraya here within 8 hours kana kuti imi mozvipira kufuga renyu moga here?"**

**Mubvunzo uyu wakaita kuti pfungwa dzemurume mukuru dzipisane. Pfungwa dzemurume uyu dzaita kunge dzichabika manhanga chete ipo pasina moto. Zvaive zvaoma manje apa. Vanhu vanomboti nyoka huru haizvirume asi chezuva iri yaitozviruma chete. Mudhara**

aingoti ," ini kufa, bianca kufa achingodaro kusvika ashaya mhinduro"

Baba Bianca vanobvva vati ," okay vachidropper foni".

**Vanobva vabata Magret aita kukaminha ndokubva vamuisa back  seat vachibva valocker madoor. Vakabva vati ," handi iwe unobva kuchipinge ndoda kuti undondiratidza pa Jopa.**

**Magret anobvumirana nazvo ndokubvva mota yapisa yakananga KuJopa.**

**Vati fambei, vanobvva vasvika paive nesango . Baba  Bianca vanobvva vamisa mota ndokubvva vavhura goni rekumashure. Vanobvva vapinda mukati vachibvva vavhara goni. Vanotanga kukurura mbatya dza**

**Magret . Magret anotanga kuchema ivo vanobva vamutendeka banga. Vanoburisa zirumi ravo raive rakareba kunge rumi redhongi.Vanotanga kurifambisa kumeso kwaMagret vachipukuta madziwa zvose nemisodzi. Vanobva vatora rurimi rwavo ndokubva vandonyera mukanwa maBianca uyo aive nemukanwa mudiki kunge chimwana chichangozvarwa. Ziwerere mubhurugwa rababa Bianca**

**rinobva ratanga kubuda richisvika kundonyera pachiweti chemwanasikana. Mwana anoridza mhere kunge aita bonde nedhongi. Asi chinhu chainetsa kuti pose pachema kudero aita kunge akatsimbiririrwa nemhuka kwete munhu. Mwana wevaridzi akapedzisira ati zokoto iwo maziso akati rembu. Zishato rinobva razvongonyoka richibva raumbika paseat rakaita churu**

# MUFUNDISI (GangLeader)

**Pandakatarisa message yakapinda mufoni mangu ndakaona itori ye yomix kubva kuEconet. Ndakabatikana zvikuru nekuti ndaifunga kuti imessage yemari. Ndakazoona kuti ndaive ndatamba nemadhaka pasina mvura. Bianca akatanga kubinyauka**

**kunge zvinoita zongororo uchinge waridenha richitozvifambira zvaro, mwana aibonda kunge ari kudzurwa ura achiti nyoka yangu irikuruma kani. Takamboita chinguva takati dzvondo maziso tichishaya kuti todiii. Ndakambonzwa hasha asi ndakadzikama mushure mekunge ndatoona marwadzirwe aitwa mwana uyu. Musikana andaive naye ndiye akabva ati," Bianca ave pedyo nekuzvara. Takabva tavimbisana kuti**

**timubatsire nekumupa rukurudziro rwaanoda kuti azvara zvakanaka. Tiri munguva yekunetseka takaona takombiwa neZRP. Takabva tasungwa ndokubva tavharirwa mumota.**

**BIANCA**

**Ndainyatsokunzwa kuti panguva ino ndave pedyo nekuda kuzvara nekuti nyoka yangu yaive yakundiruma semare. Ndàkatanga ndichigombonyoka kusvika ndazototozhamba chaiko nekuti marwadzo aya ndaive ndisati ndambomanzwa muupenyu hwangu. Ndakazofara vana mufindisi vakutonditsigira kuti ndizvare zvakanaka. Ndakaerekana ndaona mapurisa**

**asvika achibva asunga vanamufundisi neshamwari dzake ndokubva vadriver mota vobva vaenda. Ini ndakanetsekana mufunge kuti ko mapurisa rudzii anoenda obva andisiya ndakati kwavava kudai. Nei vasina kunditora vandiisa mumota vandondisiya kuchipatara. Zvichakadero ndakazoona mota yaive iri black iri tinted. Mumota umu makabuda Magret akabata banga. Ndakatanga kutya**

mufunge zvenyu. Magret akabva asundaidzwa nemumwe murume achiiuya kwandiri.

MAGRET

Ndakaburuka mumotokari ndakabata banga. Kumashure kwangu ndaive ndichisundaidzwa ndakatendekwa pfuti.

**Kumashure kwemunhu aive akanditendeka pfuti kwaive nevarume vaviri vaive vakamutendeka pfuti. Kwekupedzisira kwaive kuna Baba Bianca. Ndakasvika ndokubva ndapfugama pana Bianca ndokubva ndati," Sahwira.........**

…………………………………………

……………………

**ON SALE FROM CHAPTER 18 ZVICHIENDA MBERI**

***MIBVUNZO DZIRIMUPFUNGWA DZEDU***

1. **NDIANI MURIDZI WENHUMBU?**

2. NDIANI ACHAFUGA RAKE OGA PAKATI PABABA BIANCA NA BIANCA?

3. KO MAI BIANCA VACHADI NECHITUNHA CHAVAIVE VAONA MUROOM RAJULIAN?

4. TSEREMU AIVE ACHIRI MUPENYU HERE KANA AIVE AFA?

5. CHI CHAIVE CHAKAITIKA KUNA JULIAN PAAKAGURWA RUOKO?

6. UROMBWA URI MUMHURI RWABABA BIANCA UCHAPERA SEI?

**Pregnant Virgin@Double Gee Novels :copyright ©2023**

## ***CHIZIVISO***

**MAKADI VÀTSIGIRI NDINOKUTENDAI NERUTSIGIRO RWENYU RWAMAKAITA KUBVA PAKUTANGA KWEBOOK KUSVIKA IZVOZVI. CHISHUWO CHAIVE CHEKUTI TITANDARE TOSE KUSVIKA BOOK RIPERE ASI ZVINOZOITA HERE KUTI**

**MUNYORI ASHAYE DATA ? UYU NDIWO MUBVUNZO WAITA KUTI BOOK REDU RIENDE ONSALE . SAKA NDINOKUMBIRAWO MUSIMUDZIREWO MUNYORI WENYU NEKUTENDA BOOK KUTI AGAREWO ARIPAMHEPO ACHIKUPAKURIRAI ZVINYUWANI.**

**VOSE VANODA KUTENGA BOOK MUNGAVE KUSOUTH AFRICA KANA ZIMBABWE**

**WHATSPP OR CALL  MUNYORI PANUMBER DZINOTI: +27617657035/+27680755027 .**

**NB: MUCHIPEDZA KUBHADHARA MUCHIWANA BOOK RENYU.**

**FOLLOW AND LIKE US ON FACEBOOK AT : DOUBLE GEE NOVELS**

**THANK YOU.@ DOUBLE GEE LOVE YOU ALL**